ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№226 (21.884) ● 2010 гъэм дыгъэгъаз3эм (декабрым) и 1, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Iуэху пыухыкIахэм трегъащIэ

● Дыгъуасэ



УФ-м и Президент Медведев Дмитрий дыгъуасэ зыхунгъэзащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым. Абы игъэбелджылащ зэман гъунэгъум къэралым и гульытэр зыхуигъэзэнхъэ Iэнатlэхэр.

ПРЕЗИДЕНТЫМ щIэуэ игъэуа кьалэхъэм едэIуащ Къэрал Думэмрэ Федерацэмкlэ Советымрэ я унафэщIхэр, министрхэр, Конституцэ судым, Суд нэхьащIхьэм, Арбитраж судым я унафэщIхэр, УФ-м и Къэрал Советым хэтхэр, дин нэхьащIкьэхъэм я Iэтащхьэхэр.

Медведев Дмитрий иджы ешанэу зыхуегъазэ Федеральнэ Зэхуэсым. Мыгъэрейр нэхъ гуваIу. Илъэсит I и пэкlэ, щэкlуэгъуэм и 5-м, къэралым и Iэтащхьэм кьихилъхьащ Президентымрэ Къэрал Думэмрэ зэрыхах пIалъэм хагъэхъуэну. Иужькlэ абы теухуа унафэ кьащтащ.

Иджырей зыхуэгъэзэнигьэр, политикхэм кьыззэралъытэмкlэ, Iуэху нэхъ пыухыкIахэм тегъэщIауэ щыташ. Медведев Дмитрий кьипсэльам и Iыхьэ щанитIыр зытеухуар сабийхэр пIыным, гъэсэным демографие щытыкlэр егъэфIэкlуэным хуэунэтIауэ икlэщIыпIэкlэ лэжьыпхъэхэрщ.

Кьыгщlэхьуэ щIэблэм гупыIэтэ хуэщIын зэрыхуейм теухуа Iуэхуэхэр УФ-м и Президентым нэхьапэмкl куэдрэ кьиIэтащ. Арщхьэкlэ иджы ар зытегъэщIар Iэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэм щызэфIегъэжIын хуейхэрщ. Медведев Дмитрий жиIащ демографие щытыкlэрефIэкlуэн папщIэ бын ещанэ кьыщIальхъу унагъуэхэм лъапсэ щаухъуэну щIыхэр иратын хуейуэ. Апхуэдэу абы кьелытэ бинищ щапI унагъуэхэм я налогхэм сом мини 3 хуэдиз щхьэщахын хуейуэ.

Президентым кьыхигъэщащ кьэралым сабий садхэр хуабжьу кьыззэрыщемэщIэкlыр. Мы зэманым чэзум щытщ ныбжьыщIэ цыкIухэу мелуанрэ мин 684-рэ. Iуэхур апхуэдизкlэ ткIийщ, кьамыльху щIыкlэ сабийр чэзум щыхагъэувэ щIыпIэхэри щыIэщ. Медведев Дмитрий Правительствэм кьалэн щиIащ сабий садхэр зэманым екIуу зэрригъэзэщIыжану, щIэхэр нухуэну. «Мы лэжьыгъэр кьэралым и щIыпIэ псоми щекIуэкlын хуейщ», - жиIащ къэпсальэм. Абы щапхъэу кьихьащ Ульяновск областыр: мыбы бын ещанэ кьыщальхъу унагъуэхэм унэ зращIыхьын щапI пIэхэр щрат, сом мини 100 щыгъуу. А хабзэр къэралым и щIыналъэ псоми щапхъэ яхуэхъун хуейуэ кьилытащ Президентым. Апхуэдэу Медведев Дмитрий жиIащ сабийхэм хьэбгрышыбыграгъ Iуэхуэхэр якIэлъызеэзыхьэхэр нэхъ ткIийуэ жэуапым иращэлIэн зэрыхуейр.

Къэралым и Iэтащхьэр кьытеувыIащ коррупцэм егъэщIылIа бэнэныгъэм щIэуэ халъхьэну хабзэхэм. Иджы жэуапым иращэлIэнущ Iулъхьэ тын-кьеIыхьым дэлэлу хэтхэрт. Медведев Дмитрий кьыхигъэщIхьэхэукIащ къэралым и къарузехьэ Iэнатlэхэм я зэфIэкlым хэгъэхьуэным теухуауэ куэд зэфIагъэкlын зэрыхуейр. Гульытэ нэхьащIхьэр зыхуэгъэзар Iэщзкlэ Зэщlэуэзэда Къарухэм я лъэщагъым хэгъэхьуэныр. А Iуэхум трагъэкlуэдэнущ сом триллион 20-м щIигъу.

Президентыр Iуэху Iэджэм я щхьафэ иIэбащ. Абы и кьэпсэльэныгьэр мыпхуэдэ гупсысэкlэ иухащ: «Дэ дыззэгъусэщ, дэ къэралыр кьыдогъэщIэрэщIэж, дэ диIэпсэри тхуэзэфIэзыгъэкlар дзянэ итахэрщ, дэ дыщIэпсэури дыщIэлажьэри ди сабийхэрщ».

ШАЛ Мухьэмэд.

Къанокъуэ Арсен хэтащ УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъэзам

Медведев Дмитрий и къулыкъым зэрыувРэ парламентархэм иджы ещанэу захуегъазэ. Хабзэ зэрыхьуам тету, Президентым и къэпсэльэныгьэм щеубзыху зэман гъунэгъум кьриубыдэу къэрал кIуэцI, къэрал щIыб политикэм и унэтIныгьэ зэхьащIхьэу щытыпхуэр.

Нэгъабэ УФ-м и Президентым кьиIэтыну Iуэху нэхъыщхьэхэр нэхъ пасэу «ЯпэкIэ, Урысей!» статьям кьыщигъэльэгъуащ икIи абы зыубГуауэ тепсэльыхьыну цIыхуэр кьыхуриджауэ щытащ. Иджырей документыр хэIущIыIу ящIакъым, ауэ ар хьэзыр щыхъуэм ирихьэлIэу Медведев Дмитрий езым и блогым ирилъхьащ урысей политикэ системэр зэрырагъэфакIуэм теухуауэ цIыхуэм зэрызахуигъэзар. «Дэ дызыхэтыр ди политикэ системэр нэхъ захуагъэ хэлъу, нэхъ IэтlэльатIэу, щэщIауэ, къэщIэрэщIэжыныгьэмрэ зыужьыныгьэмрэ яхуэунэтIауэ зэтедухуэну ираащ. Абы ди кэхакIуэхэм дзыхь хуащIу щытын хуейщ», - жиIащ абы.

Медведев Дмитрий жиIащ Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуигъазэм Твиттеры къэзыгъэсэбэпхэм кьыхалъхьа гупсысэхэри кьыщигъэсэбэпныкlэ зэрыхьунур. Апхуэдэ гупсысэщIэ куэд дыгъуасэ Урысейм и Президентым утыку кьрилъхьащ.

Медведев Дмитрий УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуигъэзар кьыззэрыщыхъуам теухуауэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен жиIащ:

- Икъукlэ мыхьэнэшхуэ иIэу кьызолъытэ Медведев Дмитрий сабийхэм кьащIэщIжнынымрэ демографие гугъуехьэр кьызэнэкlынымкlэ хэкlыпIэхэмрэ кьызэрытеуныIам. Зэрыщыту кьэралыр зыхуэдэр кьэзыгъэлъагъуэ Iуэхущ кьалъхухэм я бжыгъэмрэ сабийхэм кьыхуэзэрагъэпэщ псэукlэмрэ.

Щэч кьытесхьэркъым а Iуэхушхуэхэр дагъэкlынымкlэ федеральнэ властымрэ щIыналъэхэмрэ нэхъ жыджэру зэрызэдэлажьэфынум. Мы Iуэхум и лъэныкъэкlэ щIыналъэ щхьэхуэхэм щапхъэ зытепх хьун цIыхунтху кьиуатIыпщыжыну. Нэхъ нужьыIуэкlэ абы щхьэхуит кьищIыжащ пэшым щIиубыда псори. Езым зиукIыжыну хэтащ. Ар яшащ сымаджэщым, ауэ и Iуэхур зытетым теухуа хьыбар гуэри кьатыркъым.

Ныбжьыщ Iэм иубыда цIыхухэм ящыщу зыми фбжь игъэтакъым.

Полицейхэм йозауэ

Дыгъуасэ Инджылызым и еджакIуэхэм пжкIу ирагъэкIуэкIащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтыным пжкIу уасэм хигъахъэну правительствэм мурад зэрищIар ямыдэу, ПЖкIуэгъуэм кьриубыдэу ахэр анухуэзу ещанэу гъэхуэ.

А Iуэхугъуэм студентхэм я пжкIукlэ еджэ щхьэкlэ, зэхьхьэм я нэхъыбэр еджакIуэщ. Ахэращ псом япэ правительствэм кьиIэт зэхъуэкlныгъэхэр зыжьэхэуэнэр. ПжкIу къэс Лондон и закъуэ щызэхуэс цIыху минищI бжыгъэхэр икIи ныбжьыщIэхэр зэбгрыкIыжкlэм полицэм емызэуауэ, езыхэми удын хьэпсэхэр кьатемыхуауэ. А пэкIуэр къызэзыгъэпэщ псори иужь итщ Iуэхуэр мамыру ирагъэкIуэкlыну, арщхьэкlэ ныбжьыщIэ губжьахэр зэщIэзыгъэт цIыхухэр кьахолъадэри, ахэр щытыкlэм пэльэщыжьыркъым.

Бразилиер арэзыкъым

Бразилием Географиемрэ статистикэмкlэ и институтым кьызэритымкlэ, иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа кьыхэтхыкlыныгъэхэм я фIыгъжlэ кьахутащ а къэралым щыпсэухэм я бжыгъэр иужьрей илъэси 10-м кьирубыдэу хэхьащ цIыху мелуан 20,933-рэ (процент 12,3-р). ИтIани ищхьэкlэ кьыщыдгъэлъэгъуа институтым жлэ кьаохъуар щIыхь мащIэу - 1991 - 2000 гъэхэм а бжыгъэр процент 15,6-рэ хьууэ щытащ.

- Бразилием и демографие Iуэхуэр зызыужьа къэралхэм ещхь мэхъу, балигъхэм, зи ныбжь кьиIэтахэм я бжыгъэм хэхъуэ щхьэкlэ, сабийуэ ягъэхъэм ягъэтыр кIуэ пэтми нэхъ мащIэщ, - жлэ Географиемрэ статистикэмкlэ институтым и координатор Силвейрэ Вагнер.

ПIалъэхэр зыхуахъуэр **ГЪУЩIО Зарифи.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Жамыlэ щыlэщи, ямыIуэтэж щыlэкъым.

ЕджакIуэм и гъэрхэр

«Ассошиэйтед Пресс» хьыбарегъащIэ Iуэхущlапlэм кьызэритымкlэ, США-м и Внешнэ щIэтым щыIэ еджакIуэхэм я ныбжьыщIэ ещанэ зэхуэсым щIыбыда щыхъ 24-ри щIхьэхуит кьащIыжащ. А хьыбар дыдэр къет Америкэм щытыкlэ кьызэрымыкIуэхэмкlэ и управленэмэ.

Маринетт кьалэм и курыт еджапIэм и пэшхэм ящыщ зым щIэлъадащ Iущу щыIэ ныбжьыщIэр. Абы еджакIуэмрэ еджакIуэ 23-рэ щIэт.

Ар кьызэрыхъуар еджапIэм и администрацэм хэIущIыIуэ щIищIар вэсэмахуэ сыхьэт 16-рац. Сыхьэт 20-м полицэр ныбжьыщIэм гурыIуащ цIыхухэр кьыуатIыпщыжыну. Нэхъ нужьыIуэкlэ абы щхьэхуит кьищIыжащ пэшым щIиубыда псори. Езым зиукIыжыну хэтащ. Ар яшащ сымаджэщым, ауэ и Iуэхур зытетым теухуа хьыбар гуэри кьатыркъым.

Ныбжьыщ Iэм иубыда цIыхухэм ящыщу зыми фбжь игъэтакъым.

Полицейхэм йозауэ

Дыгъуасэ Инджылызым и еджакIуэхэм пжкIу ирагъэкIуэкIащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтыным пжкIу уасэм хигъахъэну правительствэм мурад зэрищIар ямыдэу, ПЖкIуэгъуэм кьриубыдэу ахэр анухуэзу ещанэу гъэхуэ.

А Iуэхугъуэм студентхэм я пжкIукlэ еджэ щхьэкlэ, зэхьхьэм я нэхъыбэр еджакIуэщ. Ахэращ псом япэ правительствэм кьиIэт зэхъуэкlныгъэхэр зыжьэхэуэнэр. ПжкIу къэс Лондон и закъуэ щызэхуэс цIыху минищI бжыгъэхэр икIи ныбжьыщIэхэр зэбгрыкIыжкlэм полицэм емызэуауэ, езыхэми удын хьэпсэхэр кьатемыхуауэ. А пэкIуэр къызэзыгъэпэщ псори иужь итщ Iуэхуэр мамыру ирагъэкIуэкlыну, арщхьэкlэ ныбжьыщIэ губжьахэр зэщIэзыгъэт цIыхухэр кьахолъадэри, ахэр

ЖылагъуэI палатэ

Ямпэ игъэщIыпхъэ унэтIыныгъэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щызэхэтащ республикэм и Жылагъуэ палатэм и пленарнэ зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ псэуIэ-коммунальнэ IэнатIэм щIыналъэм щиIэщытыкIэм.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ жылагъуэ зэгъуэныгъэхэм я унафэщIхэр. Апхуэдэу абы, кьаразгъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Меркулов Александр, абы и япэ кьуэдзэ Абрэдж Iэдиб, куей, кьаде администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри. Ар иригъэкIуэкIащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Тау Пщыкъан. Абы кьызэхуэсахэм я пащхьэ доклад щиIащ республикэм и псэуIэ-коммунальнэ IэнатIэр зэрыларжьэмрэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм зэрыкъэхъуэмрэ ятеухуауэ.

ЗэIущIэм теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Илъэсыщlэ дауэдапщэхэм сабий минипщI ирагъэблагъэ

КъБР-м и Правительствэм кьыщIащ хабзэ зэрыхъуам тету республикэм Илъэсыщlэ псейм и гуфIэгъуэр егъэкIуэкlыным теухуа унафэ.

ИЛЪЭСЫЩIЭР гъэльапIэным ехьэлIа гуфIэгъуэ Iуэхуэр Профсоюзхэм щэнхабзэмкlэ я унэу Налшык кьалэм дэтым щрагъэкIуэкlнущ 2010 гъэм дыгъуасэм и 29-м щыщIэдзауэ 2011 гъэм щIышылэм и 5-м нэсыху. Абыхэм кьрагъэблэгъэнущ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт еджапIэхэм я 1 - 7-нэ классэм щIэс сабийхэм ящыщу минии 10. Мы Iуэхум трагъэкIуэдэну сом 1 мелуанрэ мин 625-м щыщу сом 1 мелуанрэ сом мин 200-р республикэ бюджетым кьыкlэкlынущ, адрей сом мин 425-р профсоюз организацэхэм кьыхалъхьэнущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Партым щыщхэмрэ абы и телъхьэхэмрэ яхуэгъэзауэ

Нобэ дыгъэгъазэм и 1-м, илъэсибгъу ирокъу къэралым и политикэ кьару нэхъыщхьэу ува «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партыр кьызэрызэрагъэпэщIэ.

ТХЫДЭМ и мардэхэмкlэ кьапщтэмэ, пIалъэшхуэу щымыт а лъэхъэнэм кьрыбгъуэ Урысейм и щыхуэм быдзу я фIэщ хуэщ къэралыгъуэр гъэбзыдэныр, зыми Iущlэмыльэ, зэпымяуэ зызыужь къэрал щхьэхуит зэтегъэуэвэныр хуэунэтIауэ текI имыIэу дэ дзырикIуэ гъэзуг зэрытэмэмыр. Дэ кьэдгъэльэгъуэфащ ди партыр нобэм тещIыхьа фейдэ гуэрхэм папщIэ кьызэрызэдмыгъэпэщар, абы и мурадыр Урысейм ис псоми гъащIэ тэмэм пIэным хуэунэтIа лъэныкъуэ зэман кIыхькlэ егъэкIуэкlыным зэрытеухуар.

Дэ щIыхуэбэм я фIэщ дыхъуащ! Абы кьызэкlыу ди кьалэнщ къэралым и дэтхэнэ щIыуми и пащхьэ щIыпIэ политикэ кьалэнэр едмыгъэлъэхъыжьэ, нэхъ мащIэ дыдэр арамэ, ар иджыпсту зэрытIэта лъагагъым тету тхьумэн папщIэ кьару псори зэщIэдгъэуIуэну.

«Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Кьэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм и щIэкlэ дэ «Урысей зэкъуэт» партым хэтхэм, абы и телъхьэхэм, республикэм ис псоми дохъуэхъу мамыру гъэ, узынщагъэ, насып, ефIэкlуэныгъэ я щIыгъуэ, ирагъажьэ сыт хуэдэ Iуэхухэри кьехъулIэну, псори дызыхущIэкlэ мурадэр гъэззэщIэныжьмкlэ текIуэныгъэщIэхэр кьахьыну!

«Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Кьэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Политсоветымрэ Исполкомымрэ.

КъБР-м коррупцэм пэщIэтынымкlэ программэ къыщащтэ

КъБР-м и Правительствэм кьыщтащ «2011 - 2013 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтыныр» республикэ программэ хэха.

ДУНЕЙ псом кьызэрыщалъытэмкlэ, Урысей Федерацэм коррупцэр пшэч мыхъуным хуэдизу щыинщ. Ар къэралым шынагъуэ кьытезыгъэхьэ Iуэху нэхъ хьэлъэ дыдэхэм ящыщу нобэ кьалъытэ.

Программэр утыку кьыщрилъхьэм КъБР-м и Президентым и Администрацэм экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымрэ яплъыIа Iуэхуэхэмкlэ и управленэм и унафэщI Шевченкэ Юрий зэрыжиIамкlэ, 2009 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэжIуэкlа кьэпщIэнымгъэхэм кьагъэлъэгъуащ кьулыкъущIэхэм я лжьэкIэм кIэлъыплъынымкlэ хабзэ хэхахэр зэрыщымыгъэ, законодательствэм ныкъуасныгъэ куэд зэрыхэлъыр, цIыхухэм я зэхэщIыкlыр зэрекъуэкlр коррупцэм и кьежьапIэу зэрыщытыр. Хабзэншагъэхэр зылэжь гупэхэр экономикэм и Iэнатlэу хэхьуэ нэхъыбэ кьызытхэр зэраубыдынум хущIокъу, коррупцэм икъукlэ егъэлъахъшэ щIыхуэм властым хуэлъ дзыхьыр икIи КъБР-м и экономикэ зыужьынигъэр кьелъахъэ. Абы кьыхэкIыу иджыпсту а Iуэху шынагъуэр кьыжьэдэкlуэным хуэунэтIа лжьэшхуэ зэрымыгъэкIуэкlыу хъунукъым.

Программэр гъэззэщIэным сом мелуани 4-м нэблагъэ текIуэдэнущ. Абы пщIауэ зэфIагъэкlыну лжьэшхуэхэм я планыр зэхалъхьащ. Кьапщтэмэ, КъБР-м и Конституцэр, базовэ законхэр, коррупцэм пэщIэтынымкlэ законодательствэр щIапщытыкlыжьынущ, апхуэдэу псэупIэхэр, коммерцэм и Iэнатlэм папщIэ унэхэр яуэн папщIэ щIы Iыхьэхэр зэрыхуахьэр зэпэкъуэкlынущ.

Программэр илъэсэ 3 пIалъэм тещIыхьащ. Ар «2008 - 2010 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм зыщемыгъэубгъуным теухуа профилактикэ лжьэшхуэр» республикэ программэ хэхам кьыгъуэкIынущ зимыIэ и кьыкlэлъыкIуэ Iыхьэщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Япэ игъэщIыпхъэ унэтIыныгъэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щызэхэтащ республикэм и Жылагъуэ палатэм и пленарнэ зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ псэуIэ-коммунальнэ IэнатIэм щIыналъэм щиIэщытыкIэм.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ жылагъуэ зэгъуэныгъэхэм я унафэщIхэр. Апхуэдэу абы, кьаразгъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Меркулов Александр, абы и япэ кьуэдзэ Абрэдж Iэдиб, куей, кьаде администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри. Ар иригъэкIуэкIащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Тау Пщыкъан. Абы кьызэхуэсахэм я пащхьэ доклад щиIащ республикэм и псэуIэ-коммунальнэ IэнатIэр зэрыларжьэмрэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм зэрыкъэхъуэмрэ ятеухуауэ.

ЗэIущIэм теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

КъАРДЭН Маритэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почт Iуэхущlапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

●КъБР-м щыIэ МВД-м

УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министр, армэм и генерал Нурагалиев Рашид, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, КъБР-м щыIэ МВД-м и министр Васильев Сергей.

Нурагалиев Рашид Васильев Сергей утыку кърешэ

Вэсэмахуэ УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министр армэм и генерал Нурагалиев Рашид КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм яригъэцIыхуащ мы Iэнатlэм и унафэщIу ягъэува, милицэм и полковник Васильев Сергей. Абы теухуа зэIущIэм хэтащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен.

НУРГАЛИЕВ Рашид пщIэшхуэ хуищIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIу щыта Томчак Юрий ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм. Абы и зэфIэкIым папщIэ УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и дамыгъэхэр кьаратащ.

Васильев Сергей къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ КъБР-м щыIэ министрым и къулыкъым ягъэуващ Урысей Федерацэм и Президентым щэкIуэгъуэм и 15-м кьыдигъэкIа Указымкlэ. Иужьрей илъэсэр ныкъуэм ар МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Семеровэ областым щыIэм и унафэщIым и яп кьуэдзэу - криминальнэ милицэм и Iэтащхьэу щытащ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм 1988 гъэ лъандэрэ щолажьэ, Урал юридическэ институтымрэ УФ-м и Президентым и дежкъэрал къулыкъымкlэ академиеу щыIэмрэ я кьиухащ. Iэщэкlэ зэщIэузэда кьаруухэм къулыкъу щищIащ, Афганистаным щыIащ, Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм щекIуэкIа зауэхэм хэтащ, «Хэкум и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и яп, етIуанэ нагъыщэ медалхэр, «Жылагъуэ хабзэр хъумэнымкlэ кьызэрыхэжаныкIам папщIэ» медалыр кьратащ.

Нургалиев Рашид жиIащ апхуэдэ лэжьыгъэ гъэзугъанэщхъуэм щигъуэта зэфIэкIыр кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Васильев Сергей и кьалэнхэр нэгъэсауэ игъэзэщIэнымкlэ сэбэп кьызэрыхъуэхьунур и фIэщ зэрыхъэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Iэтащхьэу ягъэувамрэ мы Iэнатlэм и лэжьакIуэхэмрэ кьапэщыт кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу Нургалиев Рашид кьиитлъэгъуащ щэхурылажьэ бандэхэм я унафэщIхэр кьэлъыхьхьэнымкlэ хабзэхъуэмэ органхэм я зэфIэкIыр зэщIэгъэуIуэныр, цIыхуэм шынагъуэ кьатемыгъэхьэныр.

Къанокъуэ Арсен хэтащ УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъэзам

Медведев Дмитрий и къулыкъум зэрыувРэ парламентархэм иджы ещанэу захуегъазэ. Хабзэ зэрыхьуам тету, Президентым и къэпсэльэныгьэм щеубзыху зэман гъунэгъум къриубыдэу къэрал кIуэцI, къэрал щIыб политикэм и унэтIныгьэ зэхьащIхьэу щытыпхуэр.

Нэгъабэ УФ-м и Президентым кьиIэтыну Iуэху нэхъыщхьэхэр нэхъ пасэу «ЯпэкIэ, Урысей!» статьям кьыщигъэльэгъуащ икIи абы зыубГуауэ тепсэльыхьыну цIыхуэр кьыхуриджауэ щытащ. Иджырей документыр хэIущIыIу ящIакъым, ауэ ар хьэзыр щыхъуэм ирихьэлIэу Медведев Дмитрий езым и блогым ирилъхьащ урысей политикэ системэр зэрырагъэфакIуэм теухуауэ цIыхуэм зэрызахуигъэзар. «Дэ дызыхэтыр ди политикэ системэр нэхъ захуагъэ хэлъу, нэхъ Iэтlэльатlэу, щэщIауэ, къэщIэрэщIэжыныгьэмрэ зыужьыныгьэмрэ яхуэунэтIауэ зэтедухуэну ираащ. Абы ди кэхакIуэхэм дзыхь хуащIу щытын хуейщ», - жиIащ абы.

Медведев Дмитрий жиIащ Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуигъэзам Твиттеры кьэзыгъэсэбэпхэм кьыхалъхьа гупсысэхэри кьыщигъэсэбэпныкlэ зэрыхьунур. Апхуэдэ гупсысэщIэ куэд дыгъуасэ Урысейм и Президентым утыку кьрилъхьащ.

Медведев Дмитрий УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуигъэзар кьыззэрыщыхъуам теухуауэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен жиIащ:

- Икъукlэ мыхьэнэшхуэ иIэу кьызолъытэ Медведев Дмитрий сабийхэм кьащIэщIжнынымрэ демографие гугъуехьэр кьызэнэкlынымкlэ хэкlыпIэхэмрэ кьызэрытеуныIам. Зэрыщыту кьэралыр зыхуэдэр кьэзыгъэлъагъуэ Iуэхущ кьалъхухэм я бжыгъэмрэ сабийхэм кьыхуэзэрагъэпэщ псэукlэмрэ.

Щэч кьытесхьэркъым а Iуэхушхуэхэр дагъэкlынымкlэ федеральнэ властымрэ щIыналъэхэмрэ нэхъ жыджэру зэрызэдэлажьэфынум. Мы Iуэхум и лъэныкъэкlэ щIыналъэ щхьэхуэхэм щапхъэ зытепх хьун цIыхунтху кьиуатIыпщыжыну. Нэхъ нужьыIуэкlэ абы щхьэхуит кьищIыжащ пэшым щIиубыда псори. Езым зиукIыжыну хэтащ. Ар яшащ сымаджэщым, ауэ и Iуэхур зытетым теухуа хьыбар гуэри кьатыркъым.

Ныбжьыщ Iэм иубыда цIыхухэм ящыщу зыми фбжь игъэтакъым.

Полицейхэм йозауэ

Дыгъуасэ Инджылызым и еджакIуэхэм пжкIу ирагъэкIуэкIащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтыным пжкIу уасэм хигъахъэну правительствэм мурад зэрищIар ямыдэу, ПЖкIуэгъуэм кьриубыдэу ахэр анухуэзу ещанэу гъэхуэ.

А Iуэхугъуэм студентхэм я пжкIукlэ еджэ щхьэкlэ, зэхьхьэм я нэхъыбэр еджакIуэщ. Ахэращ псом япэ правительствэм кьиIэт зэхъуэкlныгъэхэр зыжьэхэуэнэр. ПжкIу къэс Лондон и закъуэ щызэхуэс цIыху минищI бжыгъэхэр икIи ныбжьыщIэхэр зэбгрыкIыжкlэм полицэм емызэуауэ, езыхэми удын хьэпсэхэр кьатемыхуауэ. А пэкIуэр къызэзыгъэпэщ псори иужь итщ Iуэхуэр мамыру ирагъэкIуэкlыну, арщхьэкlэ ныбжьыщIэ губжьахэр зэщIэзыгъэт цIыхухэр кьахолъадэри, ахэр щытыкlэм пэльэщыжьыркъым.

Бразилиер арэзыкъым

Бразилием Географиемрэ статистикэмкlэ и институтым кьызэритымкlэ, иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа кьыхэтхыкlыныгъэхэм я фIыгъжlэ кьахутащ а къэралым щыпсэухэм я бжыгъэр иужьрей илъэси 10-м кьирубыдэу хэхьащ цIыху мелуан 20,933-рэ (процент 12,3-р). ИтIани ищхьэкlэ кьыщыдгъэлъэгъуа институтым жлэ кьаохъуар щIыхь мащIэу - 1991 - 2000 гъэхэм а бжыгъэр процент 15,6-рэ хьууэ щытащ.

- Бразилием и демографие Iуэхуэр зызыужьа къэралхэм ещхь мэхъу, балигъхэм, зи ныбжь кьиIэтахэм я бжыгъэм хэхъуэ щхьэкlэ, сабийуэ ягъэхъэм ягъэтыр кIуэ пэтми нэхъ мащIэщ, - жлэ Географиемрэ статистикэмкlэ институтым и координатор Силвейрэ Вагнер.

ПIалъэхэр зыхуахъуэр **ГЪУЩIО Зарифи.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Жамыlэ щыlэщи, ямыIуэтэж щыlэкъым.

ЕджакIуэм и гъэрхэр

«Ассошиэйтед Пресс» хьыбарегъащIэ Iуэхущlапlэм кьызэритымкlэ, США-м и Внешнэ щIэтым щыIэ еджакIуэхэм я ныбжьыщIэ ещанэ зэхуэсым щIыбыда щыхъ 24-ри щIхьэхуит кьащIыжащ. А хьыбар дыдэр къет Америкэм щытыкlэ кьызэрымыкIуэхэмкlэ и управленэмэ.

Маринетт кьалэм и курыт еджапIэм и пэшхэм ящыщ зым щIэлъадащ Iущу щыIэ ныбжьыщIэр. Абы еджакIуэмрэ еджакIуэ 23-рэ щIэт.

Ар кьызэрыхъуар еджапIэм и администрацэм хэIущIыIуэ щIищIар вэсэмахуэ сыхьэт 16-рац. Сыхьэт 20-м полицэр ныбжьыщIэм гурыIуащ цIыхухэр кьыуатIыпщыжыну. Нэхъ нужьыIуэкlэ абы щхьэхуит кьищIыжащ пэшым щIиубыда псори. Езым зиукIыжыну хэтащ. Ар яшащ сымаджэщым, ауэ и Iуэхур зытетым теухуа хьыбар гуэри кьатыркъым.

Ныбжьыщ Iэм иубыда цIыхухэм ящыщу зыми фбжь игъэтакъым.

КъайхъулIахэр къапщытэж

Щэкlуэгъуэм и 18-м КъБР-м и Парламентым щызэхэтащ ЩIыпIэ самоуправленэм егъэщIылIа Iуэхухэмрэ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и комитетым и республикэ семинар. Ар къызэIуихри иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ану ар.

ЯПЭ ПСАЛЪЭР лъагъэсащ республикэм и Парламентым щIыпIэ самоуправленэм ехьэлIа Iуэхухэмрэ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Берд Хьэзрэталий.** Абы и докладыр зытеухуауэ щытар щIыналъэ хэм я социально-экономикэ щытыкIэм зегъэужьыным и IуэхукIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм зэфIагъэкIыну къапэщылъ къалэнхэрт.

- 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къыдагъэкIа «УФ-м и щIыпIэ самоуправленэхэр къызэрызэгъэпэщыпхъэм ехьэлIа унэтIыныгъэ щхьэхуэхэм» 2009 гъэм щIышылэм и 1-м къару игъуэтащ. А зэманым ирихьэлIэу, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм щIыпIэ самоуправленэхэм я лэжьыгъэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр ягъэзэщIэным и IуэхукIэ, абы и IэнатIэхэм лэжьыгъэшхуэ драгъэкIуэкIащ, - къыхигъэщащ Бердым. - Къищынэмыщlауэ, КъБР-м и Парламентым къызэригъэпэща комиссэм хэтхэм республикэм и муниципальнэ къэхъуныгъэхэм я къалэнхэм зэрехъулIэр къапщыта нэужь, щIыпIэ самоуправленэхэм я органхэм къызэгъэпэщыныгъэ, методикэ, нэгъуэщI дэIэпыкъуныгъэхэр иратащ.

Къэпсалъэм зэрыжиIамкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къуажэдэсхэм я социальнэ хуитыныгъэхэмрэ шэсыпIэхэмрэ ехьэлIа лэжьыгъэхэр, зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я Iуэху зэIумыбзхэр ирагъэфIакIуэ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр ират, дэхуэ хахэм щхьэхуэу зыщIагъакъуэ, хабзэр къызэрызэпамыудыным, адэ-анэхэм, Iыхьлыхэм я нэIэ балигъ мыхъуахэм зэрытетым кIэлъоплъ.

- Федеральнэ закон №131-ФЗ-м къигъэувх эм тету, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я зэдэлэжьэныгъэр къызэрагъэпэщын, муниципальнэ щIыналъэхэм я хуитыныгъэхэр яубзыхун икIи яхъумэжын папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым «Муниципальнэ щIыналъэхэм я Совет» Зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэщащ, - къигъэлъэгъуащ абы. - Муниципальнэ районхэмрэ къуажэхэмрэ я мылъкухэр щхьэхуэу зэхахащ. Федеральнэ унафэ №131-ФЗ-м ипкъ иткIэ, муниципальнэ куейхэм щIыпIэ самоуправленэхэм я органхэм къуажэхэм езыхэм ябгъэдэлъыжын хуей мылъкухэр псори иратыжащ.

Берд Хьэзрэталий и докладым къызэрыхигъэщамкIэ, иужьрей илъэсхэм къуажэхэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ, щIыпIэ самоуправленэхэм я органхэм гъэзэщIакIуэ властхэр ящIыгъуу, Iуэху зэIумыбз зыб жанэ зэфIагъэкIащ. Псалъэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ муниципальнэ правовой актхэм я регистхэр. Апхуэдэу, муниципальнэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэр законым къызэригъэувым тету убзыхуным ехьэлIахэр зэфIагъэкI.

- Нобэ республикэм сабий къыщалъхухэм я куэдагъым хохъуэ, х уэм-хуэмурэ IэнатIэншэхэр нэ хъ мащIэ мэхъу, лэжьакIуэ хэм я улах уэр и зэманым ирихьэлIэу ират. Къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным гулъытэ нэхъыбэ хуащI хъуащ, щIалэгъуалэ политикэм ехьэлIа Iуэхухэр зэфIах, къуажэхэм я теплъэм зрагъэужь, уэрамхэр ягъэнэху, - жиIащ къэпсэлъам. - Къищынэмыщlауэ, къуажэхэм мэкъумэш-фермер хозяйствэхэр щызэхашащ. Апхуэдэу щIыпIэ администрацэхэм егъэщIылIауэ къызэIуаха хозяйствэхэм я мэкъумэш техникэхэр къагъэсэбэпурэ, къуажэхэм щыIэ социальнэ IэнатIэхэм Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр хуащIэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, къуажэдэсхэм я хадэхэр зыхуей ху агъазэ, мэкъу, пхъэ хуашэ, гъавэр къырахьэлIэж.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр зыгъэгузавэ Iуэху зэIумыбзхэм ящыщщ: экономикэ щытыкIэр зэрымыщIагъуэр, езыхэм я бюджетым и хэхъуэр зэрымащIэр, щIыналъэхэм я социально-экономикэ щытыкIэм зегъэужьыным теухуауэ къапэщыт къалэнхэр зэрымыубзыхуар. Апхуэдэу къуажэдэсхэр зыгъэпIейтейхэм ящыщщ: псэупIэ унэ ирикъуу зэрамыIэр, псы кIуапIэ бжьамийхэм я пIалъэр зэрикIам къыхэкIыу псыкIэ тэмэму къызэрызэмыгъэпэщар, уэрамхэр жэщкIэ зэрамыгъэнэ хур, гъуэгухэмрэ уэрамдэкIхэмрэ асфальт зэрырамылъхьэр, IэнатIэншэхэм, щIэпхъаджащIэхэм, наркоманхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр, къалэжьа гъавэмрэ хадэхэкIымрэ Iызыхын зэрамыIэр, зыхуэзэм деж пхъэнкIий идзыпIэ зэращIыр, ар щIыпIэ щхьэхуэхэм къызэрыщызэрамыгъэпэщыр. Языныкъуэ къуажэхэм школхэр, сабий гъэсапIэхэр, сымаджэщхэр, поликлиникэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжыным ехьэлIа Iуэху зэIумыбзхэри щыIэщ.

- А Iуэху зэIумыбзхэм къашэ властхэм я органхэм я лэжьыгъэм цIыхухэр арэзы темыхъуэныр, я дзыхь ирамыгъэзыныр. Къуажэ администрацэхэр а щыщIэныгъэхэм жыджэру елэжьыну къапэщытщ. Жылэхэм щызэхэта колхозх эр зэракъутэжам къыхэкIыу пенсионерхэм, хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм, бюджет организацэхэм ядэIэпыкъун хуей хъуащ. Муниципальнэ щIыналъэхэм я социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ IэмалыфIщ хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIухэмрэ курытхэмрэ зегъэужьыныр, - къигъэлъэгъуащ доклад зыщIам. - Муниципальнэ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыкIэхэм ехьэлIа программэхэр иджыри зэхалъхьакъым. Жылагъуэхэм я зэIузэпэщыныгъэр елъытащ щIыпIэ бюджетымрэ муниципальнэ мылъкумрэ зэрызрагъакIуэмрэ къызэрагъэсэбэпымрэ. Аращи, къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэмрэ щIыпIэ советхэм я депутатхэмрэ зэфIагъэкI лэжьыгъэхэм я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр финанс Iуэхухэр зегъэкIуэнырщ, къуажэ бюджетыр фейдэ пылъу къэгъэсэбэпынырщ.

КъыкIэлъыкIу эу, къэпсэлъащ КъБР-м и Пар ламентым закон къыдэгъэкIынымрэ къэрал ухуэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**. Абы и докладыр теухуат «ЩIыпIэ самоуправленэм зиужьыным и IуэхукIэ къэрал политикэм и щытыкIэ нэхъыщхьэхэм».

Iэпщэ Заур зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ Урысейм и щIыпIэ самоуправленэм и иджырей лэжьэкIэм, УФ-м и щIыпIэ самоуправленэм зиужьын щхьэкIэ къэрал политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм, зыхуигъэувыжа мурадхэмрэ къыпэщылъ къалэнхэмрэ.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм теухуауэ къэпсэлъахэщ Налшык къалэ округ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Тап Руслан**, Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Казиев Анатолэ**, Солдатскэ, Котляревскэ станицэхэм, Шэджэм къуажэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэу **Коновалов Олег, Кляко Михаил, Бэгъуэт Хъызыр** сымэ.

Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, Правительствэм щыщхэр, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я лIыкIуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, ирагъэблэгъахэр.

Б ЖЬЫХЬЭЛIРозэ.

●ЗэIущIэхэр

ЗэфIагъэкIахэр щызэхалъхьэж

Шыщхьэlум и 24-м зэхэтащ КъБР-м ПромышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министерствэм и зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ 2010 гъэм и блэкIа мазипщIым промышленнэ предприятэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдамрэ 2011 гъэм зэфIагъэкIыну я мурадхэмрэ. Зэхуэсыр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Уянаев Казим.

ЗЭХЫХЬЭР зытеухуа Iуэхугъуэм хуигъэхьэзыра докладым кърихьэлIахэр иригъэдэIуащ япэ псалъэр зрата, КъБР-м промышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министр **Евтушенкэ Сергей**.

Абы зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ министерствэм тхуагъэува къалэнхэм япкъ иткIэ, промышленнэ предприятэхэм 2010 гъэм и япэ мазипщIым я лэжьыгъэм кърикIуахэр зэхалъхьэжащ. Апхуэдэу, министерствэм и IэщIагъэлIхэм промышленнэ IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкI IэмэпсымэхэрзыхуэдизыР, я финанс-экономикэ щытыкIэр, щIэныгъэр зи лъабжьэ Iэмэпсымэхэр къызэрагъэIурыщIэр къэпщытэным теухуа лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ.

- Предприятэхэм я техпаспортхэр ягъэхьэзыращ. Промышленнэ IуэхущIапIэхэр бюджет IэнатIэ зэхуэмыдэхэмрэ мыбюджет фондхэмрэ я налог къыхэкIыпIэ нэхъыщхьэу къонэж. Кризисым ирипэщIэтын щхьэкIэ зэхалъхьа программэр зэрагъэзэщIам и фIыгъэкIэ, республикэм и промышленнэ комплексыр яхъумэфащ,- къигъэлъэгъуащ абы. - КъБР-м и Правительствэм 2010 гъэм накъыгъэм и 28-м къищта унафэ №116-ПП-м ипкъ иткIэ, зыхъумэжыныгъэ-промышленнэ комплексым и предприятэхэм блэкIа гъэхэм налогыпщIэу, республикэ бюджетым и хэлъхьэныгъэу къатена щIыхуэхэр щатыжыну зэманыр ягъэIэпхъуэну (реструктуризацэ ящIыну) хуитыныгъэ яIэщ. Псалъэм папщIэ, а унафэм ипкъ иткIэ, «Телемеханика», «Полупроводник приборхэм я Налшык завод» ОАО-хэм къатена щIыхуэхэр щатыжыну пIалъэр 2020-2021 гъэхэм ягъэIэпхъуащ.

Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, республикэм и промышленнэ предприятэхэм къыщIагъэкI продукцэхэр Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыналъэхэм зэрыIахыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэфIагъэкI. Ингушым иращIылIа зэгурыIуэныгъэм тету, «Урысей-СНГ Фарма Интернейшинл Компании» ООО-м, «Станокзавод», «Телемеханика» ОАО-хэм я продукцэхэр гъунэгъу республикэм Iихынущ.

Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2009-2010 гъэхэм промышленность псынщIэм зыужьыныгъэ нэхъ игъуэтащ. КъБР-м и Правительствэр я дэIэпыкъуэгъуу, щэкI щызэIуащэ, фэ, унэлъащIэхэр къыщыщIагъэкI IэнатIэхэр къызэIухыным ехьэлIа инвестицэ проект инхэр ягъэзэщIащ. Къищынэмыщlауэ, республикэм папщIэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ инвестицэ проектхэр зэхалъхьащ. Ахэр ягъэзащIэмэ, промышленнэ предприятэхэм къыщIагъэкI продукцэхэм хагъэхъуэнущ, цIыху куэд IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщынущ.

- Отчет лъэхъэнэм нэхъ гулъытэ зыхуащIар IэщIагъэлIхэр IэнатIэхэм Iумыгъэкlынырщ. Министерствэм и предприятэ зыбжанэм республикэм и къэрал комитетыр щIыгъуу, IэщIагъэлIхэр къыIумыгъэкIыным хузэхалъхьа «IэнатIэ Iутхэр къыIуагъэкI хъумэ, лэжьакIуэхэр зыхыхьэн жылагъуэ лэжьыгъэхэр пщIэкIэ къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ» республикэ программэ хэхам хэтыну зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIащ, - жиIащ зыщIам. - А программэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр нэгъабэ щагъэзащIэм, зи гугъу тщIы предприятэхэм я лэжьакIуэ 462-рэ жылагъуэ лэжьыгъэхэм хэтащ. Мы гъэм промышленностым и IэнатIэ зэхуэмыдэхэм я лэжьакIуэ 284-рэ программэм хэтщ.

Евтушенкэ Сергей промышленнэ предприятэхэм IэщIагъэлIхэр къазэремэщIэкIыр, IуэхущIапIэхэр апхуэдэхэмкIэ ирагъэкъун щхьэкIэ ахэр зэрырагъаджэр къыхигъэщащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Кавказкабель» кабел завод» ЗАО-р, «Телемеханика», «НЗВА», «Гидрометаллург» ОАО-хэр нэхъ зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр езы предприятэхэм щрагъэджэжыну хуитыныгъэ къезыт лицензэхэр яIэщ. Республикэм ЦIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетым егъэджакIуэхэм лэжьапщIэ, ягъэхьэзыр IэщIагъэлIхэм стипендиехэр яритынущ.

- КъБР-м и экономикэм и зы Iыхьэу щыт промышленнэ комплексым и лэжьыгъэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, КъБР-м и Правительствэм 2008 гъэм щIышылэм и 25-м къищта унафэ №5-ПП-м ипкъ иткIэ, «2008-2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым и IэнатIэхэм зэрызауужьыну щIыкIэр: псынщIэм, машинэухуэм, металлым, металлургие цIуугъэнэм, медицинэм, промышленность псынщIэм, пхъэм щелэжь» концепцэр ягъэзащIэ, - жиIащ министрым. - АбыкIэ инвестицэ проект 35-рэ яубзыхуауэ щытащ. Ауэ, кризисым и зэранкIэ, языныкъуэ щагъэзэщIэну пIалъэр ягъэIэпхъуащ. Ауэ, нобэ ирихьэлIэу абы щыщу проект 24-р зрагъэхъулIащ, IэнатIэщIэу 705-рэ къызэIуахащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, отчет лъэхъэнэм къриубыдэу, «Кавказкабель» кабель завод», «Эрпак» ЗАО-хэм, «Тэрчналмэс», «Телемеханика» ОАО-хэм, «Севкаврентген-Д», «Комплект» ООО-хэм сом мелуан 600-м щIигъу и уасэ иджырей Iэмэпсымэхэр зэрагъэувар. Къэдгъэлъэгъуа предприятэхэм къыщIагъэкI продукцэм я бжыгъэмрэ фIагъымрэ абы хигъэхъуэнущ.

Евтушенкэ Сергей 2011 гъэм зэфIагъэкIыну я мурадхэм зэхэхауэ тепсэлъыхьащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, щIыхуэ зытелъ предприятэхэм (2003 гъэ пщIондэ къатехуахэр) ар щатыжыну пIалъэр гъэIэпхъуэнымкIэ ядэIэпыкъуныр, налог амнистэм ипкъ иткIэ, налог щIыхуэу ятелъым и процент 70-р ятегъэкIыжыныр, предприятэхэм нанотехнологиер и лъабжьэу зэрызаужьым къыхэкIыу щIэрыщIэу IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыныр, промышленнэ предприятэхэм я IэнатIэ зэхуэмыдэхэм я щIыналъэ зэхуаку кооперацэм зегъэужьыныр, технологиещIэхэр жыджэру къэгъэсэбэпыныр, промышленнэ предприятэхэр федеральнэ программэ хэхахэм хыхьэныр, нэгъуэщIхэри.

КъыщаIэта Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Хьэжу Владимир**, «Телемеханика» ООО-м, «Станокзавод», «Прохладнэ» ремонт-механикэ завод» ОАО-хэм, «Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-м я унафэщIхэу **Къер Аслъэн**, **Мамбэт Анатолэ**, **Атмурзаев Руслан**, **Кузнецов Владимир** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Къэзан Сэтэнейрэ Цой Анитэрэ Президентым и микроблогым къатх

Къанокъуэ Арсен Твиттерым щиIэ @ArsenKanokov микроблогым нобэм къэс Iэ щIэзыдзахэр цIыхуи 170-м щIегъу. Абыхэм яхэтщ эстрадэм и артист цIэрыIуэхэу Къэзан Сэтэнейрэ Цой Анитэрэ.

КЪЭЗАН Сэтэней къетх: «Ныбжьэгъухэ! Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэри иджы дэ тщIыгъущ! ИкъукIэ гъуэзэджэщ апхуэдэ унафэщI ехьэжьахэр зэрыдиIэр!»

Апхуэдэу республикэм и унафэщIым хъуэ хъу псалъэхэмкIэ зыкъыхуигъэзащ Цой Анитэ. УэрэджыIакIуэм къыхигъэщащ и щхьэгъусэри абы и адэ-анэри Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыщыр: «Мы щIыналъэ хьэлэмэтым ис псоми насып фиIэну сынывохъуэхъу».

Къанокъуэ Арсен псалъэ гуапэхэмкIэ зыкъыхуагъазэ нэгъуэщI куэдми. Абыхэм ящыщ зым къетх: «Дыщалъхуа республикэм и Президентри твиттерым зэрыщыдигъусэм сыщогуфIыкI!» Адрейр республикэм и унафэщIым и махуэр фIы хъуну къохъуэхъу икIи къыхегъэщхъэхукI: «УзэрытщIыгъум сыщогуфIыкI. УэркIэ согушхуэ».

Къанокъуэ Арсен и микроблогыр мы гъэм и фокIадэ мазэм къызэригъэпэщащ. Иджыпсту абы республикэм и унафэщIым къыбгъэдэкI хъыбару 16 итщ. Абыхэм къеджэхэр цIыхуи 170-м щIегъу. Езы Президентми губернаторхэмрэ политикэ лэжьакIуэхэмрэ я блог 12-м Iэ щIидзащ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

●Политикэ партхэм

«Урысей зэкъуэтым» къалэнышIэхэм зыхуегъэхьэзыр

КЪЭРАЛЫМ и иджырей политикэ зэхэтыкIэм теухуауэ Урысейм и Президент Медведев Дмитрий иджыблагъэ цIыхухэм зэрызахуигъэзар къызэрыщыхъуам щыгъуазэ дищIащ «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ политикэ советым и секретарь, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Жаным Руслан:

«Президентым жиIахэр икъукIэ гурыIуэгъуэщ икIи игъуэщ. Демократием и хабзэхэм тет иджырей жылагъуэ зэхэтыкIэм зиужьын папщIэ IуэхукIэ зэпеуэныр фIэкIыпIэ зимыIэщ. Медведев Дмитрий ди политикэ гъащIэм зегъэужьыным пыщIа Iуэхушхуэхэр къеIэт икIи хуэфэщэн пщIэ хуещI а IэнатIэм иужьрей илъэситIым щызэфIагъэкIахэм.

Хэхауэ къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ оппозицэ партхэм зауэжыныымкIэ Iэмалышхуэ къахузэгъэпэщыным хуэунэтIауэ Президентым Къэрал Думэм къыщыхилъхьа законопроектхэр «Урысей зэкъуэтым» нэгъэсауэ зэрыдиIыгъар. Дэ дыакъылэгъущ парт псоми цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэр къагъэсэбэпынымкIэ зэхуэдэ Iэмалхэр зэраIэпэмкIи, парт нэхъ цIыкIухэм я лIыкIуэхэр Къэрал Думэм хахын папщIэ Iэ зыIэтахэм я бжыгъэр проценти 5-м нэсу гъэмэщIэнымкIи, апхуэдэ партхэм я фракцэхэм я хуитыныгъэхэм зегъэубгъунымкIи, нэгъуэщI куэдхэмкIи.

Дэ а жэрдэм псори дэтIыгъащ, абыхэм ди лэжьэкIэр нэхъ гугъу зэращIынур гурыIуэгъуэ пэтми. Ар щыхьэт тохъуэ «Урысей зэкъуэтыр» Президентым и щIэгъэкъуэну зэрыщытым, апхуэдэу политикэ зэпеуэныгъэм зэIухауэ икIи гъэпцIагъэ хэмылъу хэтыну зэрыхьэзырым. Дэ фIыуэ къыдгуроIуэ цIыхухэм я мурадхэмрэ абыхэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ дэгъэкIыным хуэунэтIауэ зэпымыуэ ядэлэжьэныр ди ехъулIэныгъэхэм я хэкIыпIэу зэрыщытыр.

Апхуэдэу дэ ди партым хэтхэр езыр-езыру зэпеуэныр къыздогъэпэщ икIи абы Iэмал къет «Урысей зэкъуэтым» и лIыкIуэ нэхъыфIхэр властым и IэнатIэхэм Iугъэувэ-нымкIэ.

Президентым и къэпсэлъэныгъэм щыщу нэхъ гу зылъытапхъэхэм хохьэ цIыху куэд телъхьэ къащIыну оппозицэ партхэм иджыпсту зэрахузэфIэмыкIым къыхэкIыу, ап-хуэ партхэр зэрыжьыхэм теухуа псалъэхэр.

Дэ дыкъапщтэмэ, зэпымыуэ япэкIэ докIуатэ, нэхъ зэIуха дохъу икIи а псоми я фIыщIэкIэ цIыху нэхъыбэм дакъыгуроIуэ. КъызэрытлъытэмкIэ, аращ политикэм и IэнатIэм ехъулIэныгъэ къызэрыщыпхъыфыну щIыкIэр.

Политикэр - езыр бэнэныгъэщи, сыт щыгъуи хуэдэу, «Урысейр зэкъуэтыр» дяпэкIи щIэбэнынущ цIыху нэхъыбэ къызэрыдихьэхыным.

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.

●ЕджапIэщIэ

Махуэ къэс йокIуэкI

Налшык и хьэрычэтыщIэ инкубаторым къыщызэIуахащ ХьэрычэтыщIэ ныбжьыщIэм и школ. А Iуэхур зи жэрдэмыр ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ министерствэмрэ «ХьэрычэтщIакIуэ Урысей» зэгухьэныгъэмрэщ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и студент 50-м я хьэрычэтыщIэ проектхэр жюрим къыхихри, ахэр зи IэдакъэщIэкIхэр къызэIуаха еджапIэм щIагъэтIысхьащ. Иджы а проектхэр гъэзэщIэнымкIэ адэкIэ абыхэм ядэIэпыкъунущ.

Къыхахахэр мазиплIкIэ еджэнущ - семинархэр, дерс зэмылIэужьыгъуэхэр зыгъэпсэхугъуэ махуэ къэс екIуэкIынущ. Абы иужькIэ нэхъыфIу къалъыта цIыху 20-ращ къэнэнур.

КъБР-м и ХьэрычэтыщIэ школыр хыхьэнущ Урысейпсо школым и щIыналъэ къудамэхэм. Апхуэдэ еджапIэхэр ди къэралым и щIыпIэ псоми къыщызэгъэпэщыным нобэкIэ иужь итхэщ. ЗыщыгуфIыкIыпхъэщ а IуэхугъуэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр адрейхэм япэ зэрищар.

ЕджапIэр къыщызэIуахым кърихьэлIащ КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и министр къалэнхэр зыгъэзащIэ Пащты Борисрэ Парламентым и комитетым и унафэщI Хьэщхъуэжь Татьянэрэ.

ГЪУЩIО Зариф.

Дэтхэнэ зыми и узыншагъэм егъэпIейтей

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и Советым и зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ щригъэкIуэкIащ ЦIыхухэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ республикэ физкультурэ диспансерым. Ар теухуауэ щытащ цIыхухэм узыншагъэм зэран хуэхъу мыхъумыщIагъэхэм зыдрамыгъэхьэхыу псэуным къыхуеджэнымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр убзыхун зэрыхуейм.

УФ-м и Президентым «Узыншагъэм и центрх эр» къызэгъэпэщынымкIэ къыхилъхьа жэрдэмыр зэрыдаIыгъыр къагъэлъагъу эу, депутат ныбжьыщIэхэм япэ лъэбакъуэр ячащ. Апхуэдэу ЩIалэгъуалэ палатэр диспансерым гурыIуащ цIыхухэр гъащIэ узыншэм къыхуеджэным теухуа лэжьыгъэхэр зэгъусэу ирагъэкIуэкIыну. Псом япэу а Iуэхугъуэхэр зыхуэгъэзауэ щытынур республикэм и щIалэгъуалэрщ.

АдэкIэ абыхэм зыпащIащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым терапиемкIэ и кафедрэм. Абыхэм я зэдэлэжьэныгъэм ипкъ иткIэ, а къудамэм и студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ школхэм лекцэ къыщеджэнущ фадэм, наркотикым, тутыным къишэ зэраныгъэхэм ятеухуауэ. Я мурадхэм хохьэ еджакIуэхэр спортым дегъэхьэхынри. Абы и лъэныкъуэкIи зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр ирагъэкIуэкIынущ.

А псом къищынэмыщIауэ, депутат ныбжьыщIэхэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжащ илъэс ныкъуэм къриубыдэу зэ нэхъ мыхъуми дохутыр зыкIэлъыгъэплъыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу дэтхэнэ зым и дежкIи зэрыщытыр цIыхухэм къагурыгъэIуэныр. Иджы абыхэм псори къых урадж э «Узыншагъэм и центрым» щызыкIэлъагъэплъыну. «Узыр пасэу къэпхутэмэ, куэдкIэ нэхъ тIэкIуу хъужыгъуафIэщ, - къыхигъэщащ ЩIалэгъуалэ палатэм узыншагъэм хъумэнымкIэ и комиссэм и тхьэмадэ Нэхущ Беслъэн. - «Узыншагъэм и центрым» къыщокIуэу, цIыху хэм я узыншагъэр къыхуихъумэнущ».

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ.

●Гу зылъытапхъэ

Хабзэр къызэпауд

КъБР-м ТранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и телефон «линэ пщтырым» къэпсэлъахэм зэрыжаIамкIэ, Налшык - Щхьэлыкъуэ, Налшык - Шэджэм маршрутхэм тет шоферхэм хабзэмкIэ ягъэува гъуэгупщIэм щIигъуу цIыхухэм къыIах. КъыщинэмыщIауэ, пассажирхэм хуащIапхъэ Iуэхутхьэбзэхэр ягъэзащIэркъым.

- КъБР-м ТарифхэмкIэ и къэрал комитетым 2010 гъэм фокIадэм и 27-м къищта унафэ №18-м ипкъ иткIэ, пассажирхэр къызэрыгуэкI автобусхэмкIэ 1 километр гъуэгуанэкIэ къешэкIыным уасэу хуагъэувар сом 0,95-рэщ, микроавтобусхэм абы 1 сомрэ кIэпIейкIэ 14-рэ хуэзэу къалъытащ, - жеIэ республикэм транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мокаев Сергей. - Налшык - Щхьэлыкъуэ маршрутым гъуэгупщIэу микроавтобусым хуагъэувар сом 12-щ, КенжэкIэ Налшык - Щхьэлыкъуэ маршрутым - сом 11-щ, зи иужьрей къэувыIэпIэхэр Лениным, Кулиевым, Октябрьскэ, Школьнэм я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм хуэзэ Налшык - Шэджэм Езанэ маршрутым - сом 13-щ, «Сыма-джэщ»-р зи иужьрей къэувыIэпIэ Налшык - Шэджэм Езанэ маршрутым - сом 11 я уасэщ.

Къащта унафэм щIигъуу гъуэгупщIэр къезыIых шоферхэм хабзэр къызэпауд. Тарифым ехьэлIа хабзэм къыдэкIуэу, абыхэм къэрал заказчикым иращIылIа зэгурыIуэныгъэри ягъэзащIэркъым. Абы ипкъ иткIэ, къащта тарифым тету пассажирхэр кърашэкIын, автобус кIуэцIхэм цIыхухэм нэхъ гу щылъатэнухэм деж гъуэгупщIэр зыхуэдизым, автобусыр зейм, шоферым и цIэ-унэцIэм, и телефон номерым теухуа информацэ фIа-дзауэ щытын, зэрызекIуэн хуей графикым тету, исыпхъэ цIыху бжыгъэм щIрамыгъэгъуу лэжьэн хуейхэщ.

КъБР-м ТранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэр къэрал заказчикыу щыткIэрэ, пассажирхэр къешэкIыным ехьэлIа Iуэхутхьэбзэхэр нэсу зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и къалэнщ икIи транспортым теухуауэ къащта унафэр къызэпызыудхэр жэуапым иращэлIэнущ.

Iуэхур зи пщэрылъ органым езыр-езыру гъуэгупщIэр хэзыгъахъуэ шоферхэм хуэфащэ унафэ трещIыхь. КъБР-м ТранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и лъэныкъуэкIэ, къигъэувхэр зымыгъэзащIэ е нэсу зымылэжь шоферхэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэр якъутэжыну хуитыныгъэ иIэщ.

Министерствэм пассажир транспортхэм я лэжьыгъэр къызэрипщытэ щIыкIэм щIигъэхуэбжьэнущ. Абы щхьэкIэ къызэрагъэпэща къудамэ щхьэхуэм и планым хэт къэпщытэныгъэхэр КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м, республикэм и Автодорожнэ кIэлъыплъыныгъэм и управленэм, ШынагъуэншагъэмкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм я лэжьакIуэхэм дэщIыгъуу ирегъэкIуэкI. Транспортхэм я лэжьыгъэр къэпщытэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъунущ ГЛОНАСС Iэмэпсымэр. КъищынэмыщIауэ, Iуэхур егъэфIэкIуэнымкIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ республикэм и цIыхухэмрэ къыддэIэпыкъуну дащогугъ.

БИЩIО Майе,
КъБР-м ТранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Кавказ зауэм и теплъэгъуэхэр.
«Дойче иллюстрирете цайтунг» газет.
1858 гъэ

ЩIыхуэ нэхъыбэ етыф

●Iуэхутхьэбзэ

Урысейм и Сбербанкым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм щыхэплъэжащ мази 9 и пэкIэ зэхаубла «кредит фабрикэ» Iуэхум кърикIуахэм.

А ПРОЕКТЫМ и фIыгъэкIэ зэтеубла хъуащ кредит щIэлъэIухэм я щыхьэт тхылъым централизованнэу хэплъэнымкIэ икIи пIалъэ кIэщIым я Iуэхур зэфIэгъэкIынымкIэ гъэпсыкIэ тынш. Абы ипкъ иткIэ, банкым ехьэлIэн хуей щыхьэт тхылъхэм я бжыгъэми хэщIащ щIыхуэ къыщIэлъэIуам жэуап иратыным текIуадэ зэманыр (махуи 5-м нэс хуэныкъуэт) сыхьэт 20-м хуагъэкIуащ.

Зи гугъу тщIы системэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ кредит зэмылIэужьыгъуэу мин 12 хуэдиз ятащ, сом мелард 1,5-м щIигъу къызэщIаубыдэу. Ар япэм илъэс псом ику иту яхуэту щытам нэхърэ хуэдэ 1,5-кIэ нэхъыбэщ.

ИтIани, нэхъыщхьэр банкыр нэхъыфIу лажьэ икIи щIыхуэ нэхъыбэ итыф зэрыхъуаракъым. Абы и унафэщI Урысбий Хьэмидбий зэрыжиIэмкIэ, IэмалыщIэр гъащIэм хэпща зэрыхъуар Сбербанкым и Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым куэду хэзыгъэхъуа Iуэхугъуэщ.

- ЕтIанэгъэ а Iэмалыр къыщыдгъэсэбэпын ди гугъэщ псэупIэ къащэхун папщIэ щIыхуэ къэзыщтэхэм, кредит картэ зэзыгъэпэщхэм я деж. Абы хигъэхъуэнущ республикэм и цIыхухэм щIыхуэу еттым и бжыгъэм, - жеIэ Урысбий Хьэмидбий.

БАГЪЭТЫР Анзор.

Си псэр егъафIэ си Хэку дахащэм!

Къамэ къафэ

«УсакIуэхэм ящ» зыфIаща Щэукъуй Ахьмэд зэрытхэу щытар хьэрыпыбзэми, и дуней тетыкIэкIэ адыгэт, адыгэлъи щIэтт.

Щэукъуй Ахьмэд 1870 гъэм Каир къыщалъхуащ. И адэр адыгэт, и анэр тыркут, и адэмкIэ и анэшхуэр - адыгэщ, и анэмкIэ и анэшхуэр - алыджщ. Илъэсипл1 ныбжьым нэсыхункIэ зыпIар и анэмкIэ и анэшхуэращ. Ар пащтыхь чэщанэм гъэсакIуэу щIэсти, Ахьмэди абы къыщыхъуащ.

Щэукъуйм илъэс 15-м иту курыт еджапIэр къиухащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэр Франджым щыэрагъуэтащ, Ахьмэд абы зыгъэкIуар Мысырым и тет Тэуфикъ хедивырщ. Ар Париж илъэсищрэ ныкъуэкIэ щеджащ икIи Мысырым 1894 гъэм игъэзэжащ. Тэуфикъ хедивыр дунейм ехыжу Аббас тетыгъуэр щылъысами, Щэукъуй Ахьмэд пащтыхь чэщанэм щIэсхэм хуэлэжьащ. Ар усакIуэ хэхуэу къалыгэрт, Аббас хедиври игъэныбжьэгъурт, куэдымкIи чэнджэщэгъурт.

УсакIуэм и тхылъ «Аш-Щэукъуият» зыфIищам и ящэ Іыхьэр 1890 гъэм дунейм къытехьащ. Ящэ дунейпсо зауэр (1914 гъ.) къэхъейуэ инджылызхэм Мысырыр щауфыдым, зэрыпхъуакIуэхэм я ней къыщыхуэрн, Ахьмэд Испаниием яхуащ. А къэралым ар илъэсиблкIэ исащ.

Щэукъуй Ахьмэд 1932 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м дунейм ехыжащ. Профессор Бацэжь Мухьэмэд-Хьер и «Адыгэ тхыдэ щIэнгъуазэм» абы теухуауэ щетх: «Щэукъуй Ахьмэд и адэр адыгэщ, и анэр алыджщ, 1870 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м къалъхуащ, щылIэжар 1932 гъэрщ». Езы усакIуэм зэритхар мыпхуэдэуц: «Сэ сыхьэрыпщ, сытыркуц, сыалыджщ, сыадыгэщ».

Ахьмэд усэныр къыдалъхуат, абы и гъащIэм кьурыбыдэу усэ сатыр 23.500-рэ итхащ, хьэрыпл усакIуэхэм апхуэдизу зыгъэяхэткъым. Щэукъуй пьесэу пIы иIэщ, муслъымэн тхыдэм теухуа и поэмэр сатыр 1400-рэ мэхъу. И поэмэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр томипл1 хъууэ къыдэкIащ, щыр - езыр псэууэ, епIанэр - дунейм ехыжа нэужь.

Щэукъуйр тетхыхьащ хэкум, фIылъагъуныгъэм, Мухьэмэд бетымбарым, политикэм, еджакIуэхэм я гурыгъу-гурыщIэхэм: хэти щытхъурт, хэти иубыт. Ататюрк инджылызхэм щапэщIэувэм щытхъущ, хъэлифатыр зэригъэкIуэдыжым щхьэкIэ иубащ, И гурыфI кьикIамэ, щIыхубэм я гурыфIыгъуэхэр кьиIуатэрт, и гурей кьихьамэ, я гукъеуэхэр утыку кьриилъхьэрт.

Каир дэт ал-Азхьар университетым щеджэ шэрджэс щIалэхэм зэрагъэпэща хасэм хэтхэм адыгэ кьафэ ягъэзащIэрт. Ар щызэхихым, Щэукъуйр абыхэм я деж кIуащ я зэхэтыкIэм, я Іуэхущафэхэм хэпльэну, зыгуэрхэмкIэ ядэгуэшэну. Шэрджэс щIалэ Бакир кьамэхэр жьэдэлэу кьызэрыфэм дибзхэати, абы теухуауэ мы усэхэр итхыгащ:

ЩIэдей Амаль уэлий хуашэнущ.
Зыкъифх, шэрджэс бгыхэм!
Зи лIакъуэр льагэм
ГуфIэгъуэр хуэфIэт,
Кьамэ кьафэм щIэвдзэ:
ЩIэдей къуакIэм дэз хъунущ
Кьалэм дэсри, пшахъуэщIым исри.
Хэтыр гуфIэгъуэм хэтщ,
Хэтри гуфIэгъуэм йопльэ.
ГуфIэгъуэшхуэр фIэт!
Кьамэ кьафэм щIэвдзэ!
ЩIэдей щIэблэр бжьыфIэнущ,
Мысыр гуфIэгъуэр тепщэнущ.
КьыкъуэкIынущ дыгъэр, мазэр,
Чэщанэр абыхэмкIэ бжьыфIэнущ.
ГуфIэгъуэшхуэр фIэт!
Кьамэ кьафэм щIэвдзэ!

Щэукъуй Ахьмэд Каир дэта Адыгэ Хасэм и зэхуэсхэм хэтт, и лъэпкъэгъуэхэр игъэгъуащэртэкъым. «Алий-бэч Ин» пьесэр щитхым, хасэм кIуэри кьахуеджащ. А зэIущIэм щIэст Ахьмэд Хьэзиз, Иордан адыгэхэм ящыщ щIэныгъэлIыр, Бетыгъуэн Умар, ал-Азхьарым щеджэхэр тхыгъэм арэзы техъащ, пьесэр кьыщагъэлъагъуэкIэ, абы хэт адыгэ кьафэми, хасэми кьэфакIуэ гупым ягъэзэщIэну Бетыгъуэныр акъылэгъу хъущ, ауэ пьесэм хэт Икъбал пщащэ ныбжьыщIэр зэращэмкIэ арэзытэкъым, Щэукъуй а теплъэгъуэхэр хидзащ, «Икъбал» цIэри «Амаль»-кIэ ихьуэжащ.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

Щэукъуй Ахьмэд. *1890 гъэ*

КАВКАЗ

ДЖАНЫБЭ Сарэ

Уэращ, Кавказ, си гъыщIэр,
Уэращ, Кавказ,
къэслъытэр сэ си гъащIэу,
Уэрщ къезыгъауэр си гур,
хэлъу си псэм,
Кавказ щIыпатъэ,
уэращ сэ си лъапсэр.
Сыпп1эщIэщи,
къожэх си нэкIум нэпсыр,
Си акъылым хэстхэгъауэ уи сурэтыр,
Махуэхэм трагъэкIыж зэкIэлъыпыту.

Къуданщ ди щауэр,
Іуэкуки щэджащэу,
Хабзэм хуэбзафIэу, зэкIужщ ди пщащэр,
Къыщагъэблэфу хамэщIми дыгъэу,
Яхъумэу ноби ди адыгагъэр.
Адыгэщ ди псэр, адыгэщ ди гур,
Кавказырщ ноби ди пльапIэ хэкур.
Дрейщ Кавказым, ар дызикъуэпсыр,
Ноби абыкIэщ щыбауэр ди псэр.

Кавказщ ди адэу щIэтIэтыр ди щхьэр,
Дызэрыпагэу дпIэр нэ хъыщхьэу.
Дэ дыадыгэщ, Кавказым дрибыну,
Сыхуейщ ар быдэу дуней
псом щащIэну.

Иордание,
Наур къалэ.

ГЪУЭГУЛI Четин

АДЫГЭ

Сэ сышу щхьэмыгъазэ гуащIэщ,
Илъэс миниплI гъуэгуанэ
къыщыскIуащ дунейм,
Си Іэпкъэтэпкъри быдэщ гъущIу,
Си дамнтIыр хуэдэщ жыгейм.
Сэращ зыщыгугъыжыр гугъэр,
СытекIуэфащи кIыфIыгъэм.
Кьысхалъхьащ и къарур
псыхуэхэм, Іуащхьэхэм,
Къагесхри тхьэ хэм мафIэр,
Ахэри сэщхь хъущ, яфIэмыфIми.
БлэкIами, нобэми, пщэдеймэ
Хольагъуэр сэ си нэпкъыжь.
Си тхыдэр жыжьэ къыщожьэ:
Си сы Іыхьэр хьетщ,
Адрейр хьэтщ.
Сэ сщIэтщ
Хьэтушили, Мидас пщыхуэм,
Нефертити сымэ ялъ.
Зыр си анэшу,
Адрейр адэшу,
Ещанэр си шыпхъуу
ПэщIыгъуэ Іэдэж хъуауэ сыкъохъур.
Сэ Дыгъэм сримыкъуэ,
Сэ езыр Дыгъэу срокъур.
Си зы Іыхьэр Мысырщ,
Фриджыщ - етIуанэр,
Си Іыхьлъыхэщ Вавилон,
Урымыр, Византиер, Алманыр.
Сэ сы-Европэщ, сы-Анадолэщ,
Сы-Азиещ сэ, сы-Кавказщ,
Сы-Прометейщ,
Срибынщ Сэтэней,
Сы-Спартакщ.
Сыдыгъэмыхьэущи
ИкIи сыдыгъапIэщ,
Сы-КъуэкIыпIэщ,
Сэ сы-КъухьэпIэщ.
Си адэшхуэр Іэдэмщ,
Хьэуащ си анэшхуэр.
ПIури зэгъусэу зы мыIэрысэ



Гъуэгулl (Онер)Четин

Щедзакъэм, жэнэтым
Кърахуащ, ирамыгъэсу.
Торэтми, Инджылми, КъурIэнми
Къаэбгъуэтэнущ си тхыдэр.
«Ахэр уи фарэщи пщIэну,
ЕджэI» - жиIащ Тхьэм быдэу.
Сэращ Голнаф пэува Даутыр,
Хьисэу, къыщалъхуэр Назаретым.
Си тхыдэм имыIэу кIэух,
Жорыр пщэм дэлъу бгым дызох.
Сэ срикъуэщ зэманым,
Мажусиями я сымым
Хунэдудар сэращ и къурыкъур...
«Езыр хэтхэ ящыщ?» - жыпIэмэ,
Ипсыхь защIэу зэманым си куэпкъыр,
СыкъыхэкIащ адыгэ лъэпкъым.

Тырку Республикэ,
Истамбыл къалэ.

Уэрэд

Къэбэрдейр япэу щыслъэгъуам

Псалъэхэр **ХЬЭВЖОКЪ УЭ Маждэ** (США, Нью-Йорк) ***итхащ.***
Макъамэр **СОГУЭ Данил** ***ейщ.***



Си псэр егъафIэ си Хэку дахащэм,
Фыкъыхсхуэупсэу тыгъэ схуэфщIам.
ЗыжещIэр нобэ къару иныщэ,
Гухэлъ гуапагъкIэ мы сигу вгъэнщIам.

Ежьу: Ей, Къэбэрдей, адыгэ хэку,
Мы дунеягъэр, адыгэ лъахэр
Сэркlэ жэнэтщ!

Гъунэ зимыIэщ а гугъэ дахэр,
Ар къыдджэужу хэткIи куэдынт.
ГъащIэм и Іэфыр иджы си лъахэщ,
Мы дунеягъэр сэркIэ жэнэтщ.

Ежьу

Срихьэщ1э лъапIэщ адэжь щIынатIэм,
Гурыщ1э къабзэр сэ си андезщ:
УЭ бдэсльэгъуакъым зы фэрыщIыгъэ -
Сыбогъэгушхуэ дзыхь узогъэз.

Ежьу

Дамэ схуэхъуакIэщ сэ насыпи иныр,
Къуалэбзу цIыкIуу псэм къелъэтыхь.
Сыхъуащ нэхъ б жьыфIэ,
уэращ си лъахэр,
У и лъагъуныгъэм си псэр и тыхьщ.

Ежьу: Ей, Къэбэрдей, адыгэ хэку,
Мы дунеягъэр, адыгэ лъахэр
Сэркlэ жэнэтщ!

ШЭУКЪУЙ Ахьмэд и усыгъэхэр

Щэукъуй Ахьмэд теухуа тхыльым и жинтыр. *2010 гъэ*

Дуней гъащIэ

ТфIэфIщ къэдгъэкIыжыну куэдрэ ди гум
ЕджапIэм щыдгъэкIуа ди сабингъуэр.
Ар нэхъ и Іэфыпl1эу гъащIэ гъуэгум
ЩыдпIащ нэхъыбэу дэрэжэгъуэр!

Аурэ къэдухри ди еджэныр,
Дыщилъэтыкlым ди еджапIэ абгъуэм,
Гум пымыкIыу ди блэкIа зэманыр,
ДыхуеплъэкIыжт нэщхьейуэ сабингъуэм!

Дытеувами ди гъуэгу нэщхъеяльэм,
КъыщlэкIт, къухьэжыт зэрихабзэу дыгъэр.
КъуэкIыпIэмкIи къухьэпIэмкIи
къыщыпльэу,
Уфауэ зэм, зэм нуру икIи бзыгъэу.

Дыпсэухункlэ дуней гъащIэм
ди лъэм лъэхъуу
Къриилъхьами хьэльэр дохь тхуэмыхьуу!
Изогъэщхь сыт щыгъуи си классэгъухэр
Бзу щыр цIыкIухэу ильэтыкIхэм абгъуэм.

Хэти дольэтей гушхуауэ уафэм,
Хэти щокIэзызыр абгъуэ Іуфэм.
Хэти щокъур и зэманым и дамэм
Тетlысхьэу льэ тэну щIым и гъунэм,
Гу льамытэу абы хуэдэ гъуэгум
Тета куэд кьыззрихуам уанэгум!

Хьэрф зырызу зэпигъэувэу алыфбнйр,
Къеджэкlэ, тхэкlэ зригъащIэу щысщ сабийр.
Сыту Іэфыщ1э, телъыджащэ мы дунейр,
ЛьапщэрышIэу къыщыбжьхьыыну
ущыхуейм!

Урок нухым и хьыбарегъащIэу,
Куэдрэ цIыкIухэр зыпэплъа пшынальэу,
Уэзджынэ къззууар кьызэрольэтльыр.
Гу льамытарэ кьнщIахэу щхьэжагъуэ,
КьэсакIэщ я зэбгъэдэкIыжыгъуэр!

Тхыльхэр кьратыж иджы ныбжьыщIэ хэм:
«Фи щхьэр вгъэпсэуж,
фыхьуакIэщи балигъ!»
Зэман сыхьэтыр кьигъэЇурыщIэу,
Къэзыгъэувыlэф щIэмыт уафэм и щIагъ!

Иджы дитынущ хунту губгъуэ хунтым,
БерычэткIэ хьэсэхэр дгъэщхьэльэу,
Емыплъыжу зэманым и сыхьэтым,
Сабингъуэр щыщхьэукъуэу ди тхыльльэм.

ДыкъэкIуауэ аракъым хьэщIапIэ,
ДыпсэухукIэ гъащIэм и зэуапIэм
Дыlутыну дыкъихьащ мы губгъуэм.
А зауэм дыщыхьуну дэ шу кIашэ,
Е щIблэм драIэну я шу пашэу?!

Кьыззэдауэт гупсжуу, щIэблэщIэ,
Нищ дунейр, и щжухэри мымащIэ.
Пэлуныгу ильагъуу гъащIэ узыхуэкIуэм
Зэн фIэфIкъым
удэджэгуу гъуэрыгъуапщкIуэ.
БлэщIэфтами сабингъуэ дыщэр псынщIэу,
Еджэми зекIуэлIми согъэиныр я пщIэр!

ГъащIэм къегъэувыр Іуэху куэд гугъуу:
Къытрищlэу ди Іэгухэм лэрыгъур,
ЩIэныгъэлIым кьихутэн хуей щэхухэм
Къаохъуэ махуэм кьыкIэльыкIуэу махуэр.
Я Іуэху кьнкIыу щытми зззэмызз,
Пъэпощхьэпокэм нэхъыбжьэ хуэззэу,
Іубзыгъагъэу кьагэнам нэхъыжьым,
Акъыл жанхэмкIэ зрагъэужьу.

Вагъуэ пхыдзахэм я пшэкIухьу
Іупсысэм уэгум кьыщекIухьыр,
Зэкнихьэсу хьэршым и щхэхуэр,
ЛIэщIыгъуэ кIыфIхэр игъэнжуу.

Къулейщ щIэныгъэкIэ ди гъащIэр,
Ар ягъэбагъуэу кIуэгэхун,
Щым зэпымыуэ кьыщегъэщIыр
Гиппократ, Гомер, Ньютон,
Игъэбжьыфlэну и лъэхъэнэр,
Щlыльэм кьыщалъхур Авиценни!

Щlэныгъэ жьыгыр кьудамэбзщ,
И къуэпсхэр иту акъыл льэмбым,
Кьылъыхуэу защIэуэрэ щIыхуу гъащIэм
И щжухэу нэсу къаХуэмыщIэр!

Кьыльысыжынущ хэт и Іыхьи
Ар зэритауэ щIым и бжаблэм,
ЩIэныгъэ жьыгым пхъэщхьэмыщхьэу
Кьыпичыжынущ хиса жьлэр!

Шэрджэс пщащэ

Узытеувэр къеIущащэу уи лъэм,
Уэрамым ущрикIуэкIэ упагэу,
Уи гъуэгур зэрыльэкIкIэ пхунгъэдахэу,
Пщэдджьыжым кьыпхуеубгъур
и пшэкIэлльыр.
Кьехъуэпсауэ уи пкъым хуэфI бостейм,
Кьыптоджэгухь щыкIафIэу дыгъэ бзийр.

Узытеувэр къеIущащэу уи лъэм,
Уэрамым ущрикIуэкIэ упагэу,
Хьуэпсэмыгурэ зыкъыпхуагъэябгэу,
Хьыджэбз узыблэкIэр кьыпкIэтъоплъыр.
Іэгурыжщ унбг лантIэр, дзэ хужьыбзэм
КьыдошкIурыкIукIыр уи гуфIэкIэр,
Ар хибокIутэжри дыгъэпсэм,
Дыгъэ бзийм полыд налкьутналмэсу.

Нэ пIащитIыр, уи нэкIу дыхьэрэныр
Зэ нэхъ мыхъуми зылтэгъуэм игъащIэм,
Кьыптрихьыжын гъымыкIыу и нэр,
Кьилъытэнущ уэзнэт нысащIэу.
Урагугъами гъугъжэгъэущ тельыджэу,
ЩыбгъэуащI хьэщыкъ кьипщIауэ Іэдэж...
НэкIу дыхьэрэну пагэу зыщIэбгъабфIэр
Йогуэщlэкlыр жьыхьэнмэ мафIэм.

Щэукъуй Ахьмэд *(ящэ итщ)* хьэрыпл усакIуэжр и унэм кьрегъэблагъэ. *1930 гъэ*

Ахьмэд и къуэхэр и гъусэу зегъэпсэху. *1915 гъэ*

Къаплъэнэф

Сощlэжьыр: хьэщыкъ пщIахэм,
ещхьу чэфым,
Къауфэрэзыхьт гуп-гупурэ уи Іуфэр.

Дахагъэм и тхьэ кьыпфIащауэ кьоджэу,
ЗыпхуагъэбзафIэрт щIалэщIэ Іэджэм!

Къэсщlащ абы щыгъуэ узнщIысыр:
УкIытэнщэу ухэсыхьт щытхъупсым.

Абдеж щыщIэдзауэ гу лъыстащ сэ
Кьысхуэщlыlэ зэрыхъуами уи псэр.

Лъэданэ ина зэманым сигъэхьщIэу,
Сыпэплъат сэ ди ящэ зэIущIэм.

ДызэщыгуфlыкIэ насыпыр кьыщыпкIыу
Дызэпежьат Іэплlэсшэкlкlэ.

Кьыщыщlэм мащIэу узэтезыIыгъэр,
Схуэмыlыгъыжу ижащ и си гурыгъыр.

Кьару щэху гуэрым кьридзыурэ лыгъэ,
Уи нитIырт кьызыщIихьыр льагъуныгъэ.

Дзыхьмыщ1 дыдэу укъызэIусэу,
Кьызжеплащ: «Иджы зумыгъэгъусэу,
Кьедаlуэ ящэ щIыкIэ ныбжеслэнум:
Хабзэ тхlийхэр сыт зэрыдбгъэщlынур?
Хьыджэбзхэм я кьалэнщ захъумэжыну,
Щlыхуэхъухэм ящэIэщIэу зайыгъыну.
ДегъэпIэщIэкI а хабзэхэр ткъутэну».

Зэман куэдкIэ щагъэта махъсымэу,
Зэ кьнуаиэ гурыщIэ кьэкъуалъэр,
Щlыгъупщэжу и хабзи нэмыси,
КьыщхьэпрекlыкI махъсымэр фатъэм.

ЩlыхуэмыlыгъыкI фадэ гуащIэр
фалъэ нэзым,
И тхьэрыIуэр щогъупщэжыр хьыджэбзым.

Иджы дызэIущIэм зэзэмызз,
Уи нитIыр уогъэпщкIуж, кьысхуумыгъаззу.

УтокIуэжри укъызблокIыр щымy,
Си закъуэу сыкъытонэри уэрамым.

Хьэщыкъ пщIауэ, кьэзыжьхьэм уи Іуфэр
Я щытхъупсым укъигъэнагъэнущ нэфу.

Сыт жаIэн пщэдей?

Іыхьлы захуэсщIу хамэм,
Іыхьлыхэм сахуэхъуу бий,
Апхуэдэ емыкIу злэжьамэ,
Сыт схужаIэнур пщэдей?

Си лъэпкъым, адэшым, анэшым
СапэщIэувэм зэгуэр,
СхуащIынщи хьэрэм быдзышэр,
Ихузынщ закъэныгъэм гур.

ЖаIэнщи злэжьу икIагъэ,
Си гъащIэр хъужынщ хьэдагъэ.

Зззыдзэкlар **УЭРЭЗЕЙ Афликщ.**

ЩIэныгъэ ящыщ щIэныгъэлIыр, Бетыгъуэн Умар, ал-Азхьарым щеджэхэр тхыгъэм арэзы техъащ, пьесэр кьыщагъэлъагъуэкIэ, абы хэт адыгэ кьафэми, хасэми кьэфакIуэ гупым ягъэзэщIэну Бетыгъуэныр акъылэгъу хъущ, ауэ пьесэм хэт Икъбал пщащэ ныбжьыщIэр зэращэмкIэ арэзытэкъым, Щэукъуй а теплъэгъуэхэр хидзащ, «Икъбал» цIэри «Амаль»-кIэ ихьуэжащ.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

ЩIэныгъэ ящыщ щIэныгъэлIыр, Бетыгъуэн Умар, ал-Азхьарым щеджэхэр тхыгъэм арэзы техъащ, пьесэр кьыщагъэлъагъуэкIэ, абы хэт адыгэ кьафэми, хасэми кьэфакIуэ гупым ягъэзэщIэну Бетыгъуэныр акъылэгъу хъущ, ауэ пьесэм хэт Икъбал пщащэ ныбжьыщIэр зэращэмкIэ арэзытэкъым, Щэукъуй а теплъэгъуэхэр хидзащ, «Икъбал» цIэри «Амаль»-кIэ ихьуэжащ.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

ЩIэныгъэ ящыщ щIэныгъэлIыр, Бетыгъуэн Умар, ал-Азхьарым щеджэхэр тхыгъэм арэзы техъащ, пьесэр кьыщагъэлъагъуэкIэ, абы хэт адыгэ кьафэми, хасэми кьэфакIуэ гупым ягъэзэщIэну Бетыгъуэныр акъылэгъу хъущ, ауэ пьесэм хэт Икъбал пщащэ ныбжьыщIэр зэращэмкIэ арэзытэкъым, Щэукъуй а теплъэгъуэхэр хидзащ, «Икъбал» цIэри «Амаль»-кIэ ихьуэжащ.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

КЪУЩХЬЭ Нэдим

ДИ БЗЭ - ДИ ПСЭ

Лъэпкъым и щIалэу зи бзэр кIуэда,
Щхьэ мыгъуэ пщIэншэу укъагъэна?
Щхьэ уянэ-уядзу уэ узыпIахэм
Уи адыгэбзэр кьыпIуамылъхьа?

Щхьэ уи лъэпкъ дыщэм и бзэр пIурачу
Нэмыщ1 бзэ хьэхуэм укъыхуэна?
Іэджэ щхьэ нэщIхэм нобэ кьыджаIэр:
«Сыт адыгэбзэ зи гугъу кьытхуэфщIыр.

Ди щIакхъуэр зейхэрщ нобэ дэ ди бзэр,
СыткIэ ди щхьэпэ анэдэлъхубзэр?»
Ар щызэхэхьым, си гур кьекIуащ,
Бзэр умыщIэжмэ, хамэ хуэуащ.

Щlыхь яхузощIыр дэ дянэ-дядэм,
Ди адыгэбзэр кьытIурызылъхьахэм,
Адыгэ напэу дахэу ди шыпхъухэ,
Фыпсэу ди нэхуэу сэтэнел быпхэ.

Дн цIыкIухэм я бзэр кьызэтевгъанэ,
Вагъуэпльхэр бзагъэу
кьытхуэвмыгъанэ,
Анэдэлъхубзэр ящымыгъупщэм,
Къытхуэфхъумащи,
быныфI тхуэхъунщ.

Сабийхэу зи бзэр зыIулъ ди нэхуэр
Ди жэнэт бзущи, Іэджэ я уасэщ.
Ди бзэр дэ ди псэщ, ар зыфIэкIуэдхэр
Мы хамэ щIыпIэм лIапIэ щихуахэщ.

Сирие,
Дамаск къалэ.

●Щапхъэ

СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Язов Дмитрий Иджынэ Амырбий къоохъуэхъу.

Къуэдзокъуэ Анатолэ, Молей Барэсбий, Иджынэ Амырбий. *1995 гъэ*

КъызыхэкIар щыгъупщакъым

ЩыIэщ цIыху гуащIафIэ щапхъэ къытесхар-рэт, ещхь сыхъуарэт хужьщIэу. Апхуэдэм и гъащIэм и къекIуэкIыкIам уриплъэнри гъэщIэгъуэнщ.



Иджынэ Амырбий. *2007 гъэ*

ЗЭЧИЙ зиIэ нэрыбгэм ар къызэригъэIуэрыщIэм щэху гуэр хэлъу къыщIэкIынщ. Апхуэдэ гупсысэм диIыгът зи гугъу фхуэтщIыну цIыху гъэщIэгъуэныр щыгъэдгъэщIыхуми. Ар хэт жыпIэмэ, къыщалъхуа республикэм иджыблагъэ хъэщIагъэкIэ къекIуэлIэжа, Мэскуу къалэ дэс, Совет Армэм полковникыу къыхэкIыжа Иджынэ Амырбий. Абы и бысым икIи и ныбжьэгъу, республикэм Спортымкlэ и ветеранхэм я Советым и упафэщI Къуэдзокъуэ Анатолэ си газетым хъыбар къыригъэщIащ хьэщIэ махуэ зэриIэмкIэ.

ИкIи а щыхьэщхьэ дыдэм Къуэдзокъуэм и унэм дыIухьащ. ХьэщIэр щIыху бжьыфIэ лъагъугъуафIэт. Фlэхъус зэтха нужь, зидмылъэфыхьу дыкъызытекIуха Iуэхум и гугъу хуэтщIащ. Ар щыIэхихым, Иджынэм гушыIэ хэлъу къыджиIащ: «Си ныбжьэгъужьым тригъэчыныхьащ, армыхъуамэ щхьэщытхъужьи си жагъуэщ». «Ар адыгэ хьэщ», жыIащ дэри дигукIэ.

Иджынэ Амырбий 1937 гъэм къалъхуащ. И адэ Федор 1943 гъэм Сталинград деж щекIуэкIа зэхэуэу гуащIэхэм щыхэкIуэдащ. И анэ Амыржан щхьэгъусэншэу щыщынэм, щIалэ цIыкIур иныгъуу Шэджэм I дэс и дыщым, Атэлыкъхэ, екIуэлIэжащ.

А къуажэм дэт курыт еджапIэм и класси 4-р къуиха иужь, Орджоникидзе щыIэ Суворовскэ училищэм 1949 гъэм Амырбий щIагъэтIысхьащ. Илъэси 9-кIэ абы щеджащ, икIи ар къызэриухыу, Налшык дэт 32-нэ Дунайскэ мотострелковэ полкым къулыкъу щрихьэкIыну къагъэкIуэжащ. Илъэси 2-кIэ абы щыIа иужь, Иджынэр 1960 гъэм Ленинград Лесгафт Петр и цIэр зэрихьэу дэт институтым щIэтIысхьащ.

Ар къыщиуха 1963 гъэм Амырбий егъэджакIуэу ягъэкIуащ Уссурийск къалэм щыIэ дэ еджапIэм. Абдеж щыщIидзащ щIалэм спортымкIэ гъэсакIуэ хъуным.

1967 гъэм Амырбий Кавказ Ищхьэрэ дзэ округым и штабым щылэжьыну Дон Iус Ростов къагъэкIуэжащ. 1968 - 1969 гъэхэм Орджоникидзе дэт дзэ еджапIэ нэхъыщхьэм Iэпкълъэпкъым зегъэужьныныр спортымкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэу щыIащ. Абы аргуэру Дон Iус Ростов къалэм игъэзэжри, округым и штабым Iэпкълъэпкъым зегъэужьныныр спортымкIэ къудамэм и унафэщIым щылэжащ. Иджынэ Амырбий ирагъэкIуэкIа Iэпкълъэныгъэ къыщахьыным хуэунэтIауэ жыджэру хуагъэхъэзырырт. А Iуэхуш-хуэм зи гугъэ хэзылъхьахэм ящыщу офицер Иджынэ Амырбий. Ар а зэманым, 1977 - 1980 гъэхэм, пIалъэхIэрэ ЦСКА-м и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ.

Иджынэ Амырбий адыгэбзэр фIыуэ ещIэ, адыгэ гупсысэкIи иIэщ, лъэпкъым и тхыдэми кууэ хещIыкI.

СССР-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм къулыкъу щиIа лъэхъэнэм къриубыдэу Иджынэр дзэм щызекIуэ спорт лIэужьыгъуэхэр егъэфIэкIуэным телэжьащ. Псалъэм папщIэ, хуиту, алыдж-урым, самбо, дзюдо бэнэкIэхэмкIэ, бокСымкIэ, атлетикэ хьэлъэмкIэ, фехтованэмкIэ, лъакъуэрыгъажэмкIэ щыIэ тренер-гъэсакIуэхэм ядэлэжьащ. Амырбий зэрыжиIэмкIэ, а зэманым дэзэм щыIэ тренерхэр Iэзэ дыдэт.

Полковник Иджынэр пенсэм кIуэн и пэ СССР-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм спортымкIэ и комитетым и къудамэм и унафэщIу лэжьащ.

«СыткIэ нобэрей ди щIалэгъуалэм захуэбгъэзэнт?» - жытIэу дыщеупщIым, Амырбий жиIащ: «Спортым теухуауэ зэрызагъэсэну лIэужьыгъуэр зрамылъэфыхьу нэхъ псынщIэIуэну къыхахыну чэнджэщ естынт. Зыграмыгъэгъупщэ, - адэкIэ къыпищащ Иджынэм, - гугъу уемыхьауэ, шыIэныгъэ пхэмылъауэ зыри къызэромыхъулIэнур. Дауи, спорт лIэужьыгъуэр къыщыхахкIэ, яхуэзэфIэкIынри зэпалъытын хуейщ. Псалъэм папщIэ, стадион, парк е псыхъуэ я гъунэгъу, къыхаха спортымкIэ къудамэхэр лажьэрэ, нэгъуэщIхэри».

Зи гуащIэр спортым хэзылъхьа полковник Иджынэ Амырбий сэбэп зыхуэхъуахэу ноби фIыщIэ къыхуэзыщIхэм ящыщу алыдж-урым бэнэкIэмкIэ чемпион хъуа-хэу Адыгэтыр Валерэ, Урыс Уэлий, Жаным Ас. лъэн сымэ, тренер-гъэсакIуэ Мамий Сэфарбий, нэгъуэщIхэри.

КъУМАХУЭ Аслъэн.

Ныбжьыщlэхэр утыку ирегъэхьэ. *1978 гъэ*

● Гъуазджэ

Iэджэм уезыгъэгупсыс Марченкэ Владимир

КъБР-м и Сурэтыщlхэм я загухьэныгъэм хэт, республикэ, урысейпсо утыкуэхэм зи лэжьыгъэхэр зыбжанэрэ къызыхьа Марченкэ Владимир илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу къызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэ Щэнхабзэмкlэ фондым щекIуэкIащ.

ЩЭНХАБЗЭМ, гъуазджэм я лэжьакIуэхэр, еджапIэ зэхуэмыдэхэм я студентхэр къызрихьэлIа зэIуащIэр къызэIуихащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Темыркъан Геннадий.

- Нобэ зи гъэлъэгъуныгъэ къызэIутх Марченкэ Владимир дуней еплъыкIэ щхьэхуэ зиIэж сурэтыщIщ. Абы щIэх-щIэхьурэ и лэжьыгъэхэр утыку кърехьэ. Къапщтэмэ, куэд щIакъым апхуэдэ Краснодар зэрыщыIэрэ, - жиIащ абы.

Гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIэм папщIэ Темыркъаным абы хуигъэфэщащ зи унафэщI Iуэхущ-лапIэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъыр.

Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретарь Сындыку Леонид псалъэ щратам къыхигъащащ Марченкэ и лэжьыгъэхэр илъэс тIощIым щIигъуауэ гъэлъэгъуэныгъэ куэдым зэрыхэтыр. Абы ди республикэм и гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхэр хуищIащ. СурэтыщIым и IэрыкIхэр гъэщIэгъуэнщ, щIэщыгъуэщ, ахэр дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр къэзыIуэтэфщ.

Искусствовед Леонтьевэ Нинэ жиIащ Марченкэ Владимир дунейр кууэ къызыгурыIуэ, абы и къэхъукъащIэхэм фIыуэ хэзыщIыкI сурэтыщIу зэрыщытыр, и лэжьыгъэхэм куэд уи нэгу къызэрыщIагъэуэвэр, Iэджэм узэрырагъэгупсысыр.

Марченкэ и IэдакъэщIэкIхэр зэзыгъэлъагъуну хуейхэм Щэнхабзэмкlэ фондым и бжэр яхуэзIухащ.

БАЦЭ ФатIимэ.

Индыл псым тету заплъыхьыну ирагъэблагъэ

Алыдж IуэрыIуатэмкIэ къафэм и тхьэ бзылъхъугъэр Терпсихорэщ. А цIэращ зэрихьэр Урысейм иджы еханэу щекIуэкIа зэпеуэ-фестивалым. ЕсэнтIыгу къалэм щызэхуэсат Урысейм щыщ къэфакIуэ гупу 39-рэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу зэхъыхьэм кIуащ Налшык къалэ дэт гъуазджэхэмкIэ сабий еджапIэ №1-м и «Оникс», «Вдохновение», «Озорницы» гупищыр.

Зэпеуэм хэта гуп нэхъыжьхэм текIуэныгъэр къыщызыхъар Мухинэ Аннэ зи унафэщI «Оникс» ансамблырщ. Гуп нэхъыщIэхэм я нэхъыфIу къалъытащ Энеевэ Еленэ зи пашэ «Вдохновение»-р.

Налшык икIауэ фестивалым хэтахэм Индыл (Волгэ) псым тету заплъыхьыну езыгъэблагъэ тхылъхэр кратащ.

КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Людэ.

● Зэпеуэ хэр

УнэтIыныгъищу зэщхьэщыхат

Жэпуэгъуэм и 28-м щегъэжьауэ щэкIуэгъуэм и 7 пшIондэ Москва областым щекIуэкIащ «Вагъуэбз» зыфIаща сабий художественнэ творчествэмкIэ урысейпсо зэпеуэр. Абы хэтат зеиншэхэр щапыж IужьщIапIэхэу УФ-м и щыналъэ 45-м щыIэхэм я лIыкIуэхэр. КъБР-м и къыбгъэзэкIыу зэхьэзэхуэм щыIащ Нартан къуажэм дэт школ-интернат №5-м и ныбжьыщIэ 11.

УНЭТIЫНЫГЪИЩУ зэщхьэщыхауэ екIуэкIа зэпеуэм ди еджакIуэхэр тIум - «Макъамэ Iэмэпсымэхэр», «Кьафэ» - щытекIуащ. Ахэр зыгъэхьазырар интернатым щыIэ щIалэхэм цыкIуухэр макъамэм хуезыгъаджэ Лъэмытхъэщ Анатолэщ.

А махуэхэм ирихьэлIэу интернатым и класс нэхъыжьхьэм щIэс ныбжьыщIэ 20 Гроэнэ къалэм щекIуэкIа «Спорт. Зэныбжьэгъугъэ. ШыIэныгъэ» спартакиадэм хэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм дахэу зыкъагъэлъэгъуащ икIи медали 9, кубоки 6, щIыхь тхыльи 6 кратауэ къагъэзэжащ. А зэпеуэм «Тренер нэхъыфI» зыфIаща и унэтIыныгъэм пашэныгъэ къыщахьащ интернатым и лэжьакIуэхэу Игошкинэ Натальерэ Дыщэкl Мухьэмэдрэ.

Къыжьыдэпхъэщ а интернатым и гъэсэн Хьэтэжьыкъуэ Андреи УФ-м футболымкIэ и щIалэгъуалэ зэхьэзэхуэу щэкIуэгъуэм и 1 - 13 махуэхэм Сочэ щекIуэкIам Илщэ Федеральнэ щыналъэмрэ КИФЩI-мрэ я командэхэм хэту зэрыщыджэгуар.

КIУЖ Иннэ.

«ФIыуэ слъагъу къалэ»

КъБР-м и къалащхьэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэс цIыхуи 100-м щIигъу хэтащ Щалэгъуалэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу иджыблагъэ къызэрагъэпэща «ФIыуэ слъагъу къалэ» спорт-лъахэдж джэгум. Ныбжьыщlэхэр КъБКъМА-м деж щызэхуэсри, Хьэтlохьущыкъуей жыг хадэм екIуэлIащ.

ДЖЭГУР къызэрагъэпэщащ ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм я студент зэгухьэныгъэхэмрэ Налшык къалэ и Щалэгъуалэм я союзымрэ. Абыхэм я жэрдэмыр даIыгъащ Налшык къалэ администрацэм Щалэгъуалэ Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и къудамэм.

Щалэгъуалэм я зэхьэхьэр хуабжьу гъэщIэгъуэн хъуащ икIи нэгъэзыужьу екIуэкIащ. КьыязэгъэпэщакIуэхэм къагъэув къалэнхэм нэхъыфIу пэлъэщахэр гуп-гупу зэкъуэтэрат.

Сыхьэтищым щIигъукIэ екIуэкIа дэкIуэзэпеуэм пашэ щыхъуащ «плъыжьхэр», абыхэм кьакIэлъыкIуэрт «щхьэхэмрэ» «гъэзэжьхэмрэ». Ахэр саугъэтхэмкIэ щагъэлъэпIащ нужькIэ ирагъэкIуэкIа пшыхьым.

ДЕМИДОВЭ Аннэ.

Тэтэрхэм я щэнхабзэр

● Лъэпкъхэр

«Щэнхабзэхэр зэрыздэгъэгурыкIуэр» проектым щыщу КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яIэлжьэныкIэ и министерствэм къызэригъэпэщащ «Тэтэр щэнхабзэм и махуэ» зэхьыхьэр. Ар щекIуэкIащ Налшык дэт курыт еджапIэ № 5-м.

«ТУГАН ТEЛ» лъэпкъ щэнхабзэ Iуэхущапlэм и унафэщI Савченкэ Саидэрэ Iуэхущапlэм и лIыкIуэхэмрэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ. Абыхэм я гугъу ящIащ тэтэр лъэпкъым и хабзэхэм, тхыдэм. Литературэм щытепсэлъыхьым, Джалил Мусса и тхыгъэхэм нэхъыбэу тепсэлъыхьащ, и Iэдакъэщlэкlэм щыщ къеджащ. Апхуэдэуи тхыль, газет, журнал зэмылIужьыгъуэхэр ягъэлъэгъуащ.

Тэтэр щэнхабзэ Iуэхущапlэм къыщIэкIа лъэпкъ фащэхэр цIыкIуэм зыщагъэIагъуэрэ еплъащ, сурэтэхэр зытрагъэхащ. ЕджакIуэхэм я упщIэхэм жэуап щритым, Савченкэ Саидэ жиIащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэмрэ тэтэрхэм кьадекIуэкIхэмрэ куэдкIэ зэрызэщхьыр. Псалъэм папщIэ, тэтэрхэми яIэщ унэидзыхь хабзэр.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэр тэтэр макъамэ щIагъэдIуащ.

КЪАМЫЛЫКЪУЭ Дахэлинэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Нэхъыжьрат захуэр

Прохладнэ къалэм и прокуратурэм къинщытащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэныкIэ яIэ Iэмалхэм теухуа хабзэр мыбы зэрыщагъэзащIэр. Къалэдэс Сушко Г. М. и хуитныгъэхэр къызэрыгъэпщэуадар мы Iуэхум къыщIигъэщащ.

«1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэтахэр псэупIэхэмкIэ къызэгъэпэщащ и Iуэхуэ» УФ-м и Президентым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ, Сушко Г. М. 2010 гъэм маазаем и 2-м Прохладнэ къалэ администрацэм зыхуигъэзащ псэупIэ хуэныкъуэхэм я чэзум хагъэхьэну лъагъуэу. Абы щыгъуэм «Ветеранэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэр зиIэ унагъуэхэм псэупIэ къащIэхун, яухуэн папщIэ субсидиехэр зэрыратыну щыкIэр гъэувыным и Iуэхуэ» КъБР-м и Правительствэм 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 2-м къыдигъэкIа Унафэ №296-ПП-м къыщыгъэлъэгъуа тхыль псори ихьащ.

Арщхьэкlэ, лъэIум хэплъа иужь, Прохладнэ къалэм и щыпIэ администрацэм псэупIэхэмкIэ и комиссэм Сушко Г. М. чэзум хигъэхьэн идакъым. Щхьэусыгъуэ ищIар Сушко Г. М. 2005 гъэм и пхъурыльхэр и фэтэрым зэрыщIитхарщ, апхуэдэ щыкIэкIи и псэупIэр Iэзэвльэзэв езым зэрищIарщ. ЯщIэр къагурыуэжу я псэупIэр езыгъэкIэкIуа цIыхухэр чэзум щыхагъэхьэжыр апхуэдэ Iуэху зэралэжьэр илъэситху дэкIа иужькIэщ.

Арщхьэкlэ, Сушкорэ абы и щхьэгъусэмрэ ящIыгъуу абыхэм я фэтэрым 2005 гъэ лъандэрэ щопсэу япхъумрэ я пхъурыльхумрэ. ЩыIэ хабзэм ипкъ иткIэ, бынхэр щатхыну я кьалэнщ къэзылъхуахэр щыпсэу щыпIэм.

Хэзыгъэуэнщхэм хэта Сушко Г. М. зи псэупIэр зыхурагъэфIэкIуэн хуейхэм я чэзум зэрыхамыгъэхьам къыхэкIыу, Прохладнэ къалэм и прокурорым щIыпIэ администрацэм зыхуигъэзащ ветераным хуэгъэзауэ ялэжьа къуанщагъэр ягъэзэжкIуэжыну.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● ФщIэн папщIэ

Псы щыIэнукъым

Щыхьуэфэпс псыкъыщIэщыпIэр зэрызэграгъэпэщыжьым къыхэкIыу дыгъэгъазэм и 2-м сыхьэт 10-м щыщIэдзауэ сыхьэт 22-м нэсыху псы щыIэнукъым Налшык и хьэблэхэм:

Ипщэ-Къухьэпlэ, Предгорнэ, Горнэ, Кэнжэ къуажэм.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlэ Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ -47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущапlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и щIэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пошт эпщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыныкIэ жэуап еха КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ягъащ.

Зы цыкIэм газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и щIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, редактору Жылаев Заурбэч, корректорхэу Пхьатlыкl Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*. *Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Гъукlэлl Рае, *сурэтхэм елэжьар* Кьарей Элинэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щыградзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №3369